САГІИД АФАНДИ АЛЬ-ЧИРКАВИ

# ДУГІАБИ

## СагІид-афандиясул тІухьдуздасан росарал

Ункъабилеб басма

НУРУЛЬ ИРШАД

Махачкала
2011

БбК 84,4 (Авар) + 86,38
УДК 821.351 + 29
Д-45

**Саид афанди аль-Чиркави.**

ДУГӀАБИ: Мольбы/ Саид афанди аль-Чиркави – на аварском языке. 4-е издание, дополненное – Махачкала: Нуруль Иршад. 2011. - 108 с.

**Одобрена Экспертным советом ДУМД**

Регистрационный номер № 09-0310

БбК 84,4 (Авар) + 86,38
УДК 821.351 + 29
Д-45

© Саид-афанди аль-Чиркави
© ООО «Издательский дом «Нуруль Иршад»»

ТIадегIанав Аллагьасде,
Дунялалъул, ухраялъул
ЛъикIаб щинаб гьарун, дугIа
Гьаби – нелъей лъикIаб буго.

*ЧIикIаса СагIид-афанди.*

## ЦеберагIиялъул бакIалда

### «Къуръаналъул ахIуде гIавамал кантIизари» абураб тIехьалдаса

ДугIаялъул хиралъабазул ва пайдабазул хIакъалъулъ свалат-салам лъеяв Аварагасул хIадисал гIемер руго. Гьезда гъорлъа цо-цоял рехсезин:

***«ТIадегIанав Аллагьасе дугIаялдаса хирияб жо гьечIо».***

***«ДугIа буго гIибадаталъул нах».***

***«ТIадегIанав Аллагьас дугIаялъул баб рагьарав чиясе рахIматалъул бабги рагьула*** *[ай, дугIаялъул баб рагьарав чи – рахIматалъул баб рагьарав чи ккола]****».***

***«ТIадегIанав Аллагьасе бокьула сахлъи ва балагьаздаса цIуни гьаризе. ДугIаялъ мунфагIат гьабула балагь рещтIиндал тIаса босизеги***

***рещтӀунеб нахъчӀвазеги».***

***«ТӀадегӀанав Аллагьасул хӀукму-къадар нахъчӀваларо дугӀаялъ горони, гӀумроги халалъула端ро, лъикӀлъи, ай садакъа-хайрат гьабиялъ гурони»***. Ай, дугӀаялъ балагь нахъчӀвайзе яги гӀумро халалъизе садакъа-дугӀа сабаблъун ккола, хӀукму-къадарги гьедин букӀиналдалъун.

Свалат-салам лъеяв Аварагас абуна:

***«Лъабго дугӀа буго ТӀадегӀанав Аллагьас, щаклъи гьечӀого, къабул гьабулеб: сапаралда вугев чиясул дугӀа – цо [сафар хӀалалаб бугони]; жинда зулму гьабурав чиясул дугӀа – кӀиабилеб; лъималазе эбел-инсул дугӀаги».*** Цойги хӀадисалда кӀал ккурав чиясул дугӀаги тӀаде жобан буго рехсараб лъабалдего.

Цойги хӀадисалда абулеб буго:

***«Васасе инсуца гьабулеб дугӀа – Аварагас умматалъе гьабулелда релълъон буго»***, – абун.

***«Жинде гьардоларев чиясда Аллагьасул ццим бахъуна»***, ай гьаричӀого теялдаса гьаризе бокьула.

Балагьал нахъчӀваялъе ва хӀажатал тӀоралъеги дугӀаялъул букӀуна кӀудияб пайда. ТӀадегӀанав Аллагьас Къуръаналдаги абулеб буго: ***«Диде гьаре, дугӀа гьабе»,*** – ян. Гьелъул хӀакъалъулъ руго Аварагасул ﷺ хӀадисалги ва гьединго гӀалимзабаздасан

рачӀарал харбалги.

ТӀадегӀанав Аллагьасде гьарулелъул, дугӀа гьабулелъул, жиндир ният бацӀцӀадав мухлисасе Аллагьас кьола нигӀмат, жаваб гьабиялдалъун. Жинда Аллагь разилъаяв ГӀали асхӀабас абулеб буго: *«Ножоца балагьал тӀаса рорхизе гьаре дугӀаялдалъун»,* – илан. Аллагь разилъаяв Анасидасан бицана: *«Нуж дугӀа гьабиялдаса гӀажизлъуге, дугӀагун вугев чи киданиги гьалаглъиларо».*

***«Ножоца гьаре, Дица жаваб гьабила»,*** – ян ТӀадегӀанав Аллагьас абун бугелъул, нелъее дугӀаялъе жаваб гьабичӀого толеб гьечӀо. Амма цо чияс жиндирго мурадлъун бугеб, балагь тӀаса боси букӀаниги, ялъуни цо кинаб бугониги жиндие хӀажатаб жо тӀалаб гьабун бугониги, гьарараб мехалда, гьеб сагӀатго жаваб гьабичӀони, гьелъие рукӀуна батӀа-батӀаял гӀиллаби.

Басра шагьаралда базар къотӀносан унаго, Адгьамил Ибрагьимида сверун руссун, жамагӀаталъул цо къокъаялъ абун буго гьесда: ***«Я Аба-ИсхӀакъ! Нежеца ТӀадегӀанав Аллагьасда гьарула, жаваб гьабуларо»***, – ян. Ай, гьезие бокьун буго гьасдасан лъайзе жаваб гьабунгутӀиялъе гӀилла. Гьас жаваб гьабун буго гьадин:

«Ножор ракӀал хун руго анцӀго жоялдалъун:

☑ **ТӀоцобисеб** – ножода Аллагь лъала, амма Досул

амро тIобайзе гьабулеб гьечIо;

☑ **КIиабилеб** – ножоца абула нежее Авараг ﷺ вокьулилан, амма гьесул суннат ножоца тун буго;

☑ **Лъабабилеб** – ножоца Къуръан цIалула, амма гьелда гIамал гьабуларо;

☑ **Ункъабилеб** – ножоца ТIадегIанав Аллагьасул нигIматал кванала, щукру гьабуларо;

☑ **Щуабилеб** – ножоца абула щайтIан нежер тушман бугоян, гьелъие бокьухъеги хьвадула;

☑ **Анлъабилеб** – ножоца абула алжан хIакъаб бугилан, ай букIиналда божула, амма гьелъие мустахIикъаб гIамал гьабуларо;

☑ **Анкьабилеб** – ножоца абула жужахI букIин хIакъаб бугоян, амма гьенире ккеялдаса цIунулеб гIамал гьабуларо;

☑ **Микьабилеб** – ножоца абула хвел хIакъаб бугилан, амма гьелъие нуж хIадурлъуларо;

☑ **ИчIабилеб** – нуж макьидаса рорчIула, ай радал тIаде рахъуна, ва нуж машгъуллъула гIадамазул гIайибал цIехеялде, ай гьелда хадур лъугьуна, ножорго гIайибалин абуни жахIалго тола, ай гьел рихьуларо, гьезул кIварги гьабуларо;

☑ **АнцIабилеб** – ножоца ножорго хварал чагIи

рукъула, амма эзул пикро гьабуларо».

*... Щивав инсанасул имангин ихIсан*
*Цо даражаялда букIунарельул,*
*Дунял-ухраялъул хIажатаб щинаб*
*ХIал кIварабгIан гьаре БетIергьанасде!*

*Инсанасда инсан гьардон чIалгIуна,*
*ГIемер гьаранагIан Аллагь вохула,*
*Гьариялъул магIна – тавазугIлъидал,*[1]
*Даим Халикъасе хIели лъикI гьечIищ?*

*ХIелун РахIманасде гьаридал, Адам*
*Аллагьас халкъалъул эмен гьавуна,*
*Гьаризе чIухIараб иблису лагIин*[2]
*Адамил лъимадуй тушманлъун ккана.*

*Шарик гьечIев магIбуд*[3] *лъалев лагьасе,*
*Досде гьаричIого, чара-гIамал щиб?*
*Гьаризе ккараб жо дир гьечIин чIчIани,*
*Рубубияталда*[4] *дагIба бай гьечIищ?*

*Гьарараб сагIаталъ жаваб щвечIони,*

---

*[1] Ай, Аллагьасе хIели.*
*[2] РахIматалдаса бачахъараб иблис.*
*[3] ГIахьалчи гьечIев, хIакълъунго Жиндие лагълъи гьабизе тIадав Аллагь.*
*[4] Ай, Аллагьлъиялда.*

*Жабарасдехун дур занну[1] квешлъуге.*
*КигIан гьараниги, кьолеб гьечIилан,*
*ЧIалгIун, дугIа-алхIам рехонги тоге!*

*Дуй жакъа тIобайзе бокьараб мурад,*
*МаслахIат гьечIони, кьечIого толеб.*
*Кьолеб болжалалде хIукму щвезегIан*
*ЯхI-сабро гьабизе цIакъ жигар бахъе!*

**Жеги гIатIидго дугIаялъул хиралъи баян гьабун буго рехсараб тIехьалъул 284-310 гьумеразда.**

[1] Хивал.

# Дир квер гIунтIулареб гIанбаралъул тIегь

...Дир квер гIунтIулареб гIанбаралъул тIегь
ТIаде дализабе, зоб-ракьалъул Хан,
Хивалаз бухIараб дир хIухьелалъе
ХIарфго гьечIеб рагIул жаваб кье, Аллагь!

Мун вокьи макъсудлъун[1] сапар бухьарав
Салик[2] дун вугевлъи лъалев БетIергьан,
БатIинги загьирги, гьоцIо-нах гIадин,
Гьуин гьабе, Къадир, дир къалбуялъе[3]!

КъватIул хабар бицун биццалъараб ракI
БецIлъун тоге, РахIман, тавбу бугин дир,
Тохлъун гIумру ийин – гIайиб дирго ккун,
ГIажизлъун хутIанин, тIаса лъугьун те.

ТIагьал ﷺ шаригIалъул къимат лъачIого
Къоял гIадада ун, гIодула берал,
ГIилму гьабичIого соналги тирун,
Ссудула гьинал ракI, гьай аманилан.

Радал къо кьижун ун, къаде ворчIарав
Къваридав лагъ вугин, гурхIа, БетIергьан!

---

*[1] Макъсуд – мурад.*
*[2] Салик – Аллагь лъай тIалаб гьабулеб нухаве лъугьарав.*
*[3] Къалбу – ракI.*

БитIараб нухалде гьидаят[1] гьавун,
Гьабе, Аллагь, сагьлу саилунасе [2]!

## Загьру-батIну гIадаб тIарикъгун шаригI

...Загьру-батIну[3] гIадаб тIарикъгун шаригI
ТIубайзе гьунар кье, гьардарав Аллагь!
Гьелъул лазат бихьун хьул буссинегIан
ГIумруги кье, ХIаким, хIал Дур кIолелъул.

Дир мунагьаздаса рахIму кIудияв
РрахIман, Дур цIобалде цIакъ хIажат вуго.
Ширк гьечIеб гIибадат Дуе гьабулеб
Гьунар бокьун буго, вокьулев Аллагь.

Азалалда хIукму Дур тIубаниги,
Дирго пакъирлъиялъ бакъван буго ракI.
Къадар хъван тIубараб лавхI бугониги,
ХIелун вачIана дун Дур гъапудухъе.

Дуего бокьидал загьир гьабураб
ЗагIипаб рухI бугин, гурхIа, БетIергьан!
Гьарараб кьелилан къотIи бугелъул,
Къабул гьабе, Аллагь, биччараб хIухьал!

*[1] Гьидаят – тIовитIи.*
*[2] Гьардохъанасе бигьалъи гьабе.*
*[3] Мугъги чехьги.*

Дур гIафву гьечIони, гIазабалдаса
ГIамалалъ ворчIизе дир хIал кIоларо.
Дуца рахIматалъул[1] цIал кьабичIони,
ЦIалун тIахьазулги пайда щоларо.

ЩайтIаналъ хIухьал пун хIал щвеялдаса,
ХIалкIолев дир Аллагь, Дуцаго цIуне!
Дунял гьуиназда гьоркьоса вачун,
Бечед, Мун лъалезулъ лъе дирги исму[2]!

МагIрифат, хIакъикъат[3] ризкъилъун гьабун,
Гьаве дун парахат, халкъалъул МагIбуд[4]!
ГIилмуль якъиналъул хIорнивги рехун,
ХIал хьун лъедезе те, Таввабу РрахIим!

ХIакъул-якъиналъул[5] къоноги ричIун,
ЧIалгIинабе дида дунялалъул рукъ!
Дуде гIагарлъулеб гIилмун-нафигI[6]кьун,
Кье, Аллагь, дий рохел ахиратальул!

«Аллагь!» - ан ахIулеб хIухьал гурони,
ХIарп кIочон хутIаги чорокаб дир нафс!

---

*[1] РахIмат – гурхIел.*
*[2] Исму– цIар.*
*[3] МагIрифат – Аллагь лъай.*
*[4] Жиндие лагълъи гьабулев Аллагь.*
*[5] ХIакъикъияб иманалъул камиллъи.*
*[6] Ахираталъе пайдаяб гIелму.*

Дур шаригӀат гуреб каламалдасан
Кверщел бахъун таги хъубаб дир кӀал-мацӀ!

Мун рази гьечӀелде балаялдаса
Берал, хӀижаб[1] лъугьун, махӀрум хутӀаги!
БатӀулабщиналъул иш лъаялдаса
Ассамаблъун[2] ккаги дир кӀиябго гӀин!

Дунял гӀуцӀулаго гӀибадат холеб
ГӀакълу-тадбиралда тоге дун, Аллагь!
Диналъе къуват кьун, къоял эркен тун,
КъачӀазе тӀаме дун ТӀагьал ﷺ шаригӀат.

## Дун жанив гъанкъараб гъваридаб ралъдал

...Дун жанив гъанкъараб гъваридаб ралъдал
Лъин файизлъун гьабе, гьардарав Аллагь!
Гьелда жанир лъедон рагӀалде щварал
Щайихзабаздалъун гьаве дун хвасар!

Ихлас[3] камиллъарал кумалаздалъун[4],
Карим, дунги ахӀе Дур хӀазраталде[5]!

---

*[1] Пардав.*
*[2] ГӀинкъаблъун.*
*[3] ГӀибадат, цойги мурад гьечӀого, Аллагьасе гӀоло гьаби.*
*[4] Камилал устарзабаздалъун.*
*[5] Дуде аскӀове.*

Хlакъаб къабул гьабун къурбалде[1] щварал
Акътlабазул мадад[2] камизе тоге!

Тавбату-ннасухl[3] кьун тlоритlаралгун
Тlагьал ﷺ машрабалде[4] щвезаве, Аллагь!
Агьлу-суннаталъул къокъагун цадахъ,
Къадир, дунги ахlе Ахlмад ﷺ вихьизе!

Адабал тlуран ккун пардав борхарал
Хавасал[5] разияв хадимлъун[6] гьаве!
Гьал муршидзабазул гlавнуялдалъун[7],
Гlазиз, дунги тlаме Тlагьал ﷺ нух кквезе!

Тlолго умматалъе мунфагlат-гlамал,
Гlарифуназдалъун Мун лъай кье, Вагьаб[8]!
Кьуралда разилъун щукру гьабурал
Шакириназда гъорлъ манлъун те, Ррахlим!

---

*[1] Аллагь лъаялде.*
*[2] Къутlбуязул кумек.*
*[3] Бацlцlадаб тавбу.*
*[4] Гьекъолеб иццалде.*
*[5] Хасал вализаби.*
*[6] Хъулухъчилъун.*
*[7] Кумекалдалъун.*
*[8] Чlобого кьолев Аллагь.*

РахIматазул мифтахI[1], футухIазул баб[2],
Файзу РрахIманалъе хIакъав ВаситIа[3],
ХIикматазул магIдан, гIирфаналъул[4] ицц, –
Адаб кквезе манлъе Дур ХIабибасул ﷺ!

Я, биль муъминина Рауфун РахIим[5],
ХIажат бергьун буго Дур хIилмоялде!
Дир пакъирлъиялда Мун гурхIичIони,
ХIазрату-лЛагьалде[6] дун вачунев щив?

Дуца гIафвуялъул рахас байчIони,
ГьечIо гIолеб гьунар гьава квегъизе.
Куркьбал дуца тIад лъун цIуничIонани,
ЦIакъ захIмалъун руго, ХIабиб ﷺ, умурал[7].

ИгIтикъад[8] загIиплъун, гIамал пасалъун,
ЛъикIал ахлакъазулъ къалиллъи бегьун [9],
Гьал шайихзабазде ахIи байзецин,
АхIмад ﷺ, нечон вугин, щибдай гьабила?

---

*[1] КIул.*
*[2] Бергьенлъабазул рагьу.*
*[3] Аллагь лъаялъул нуралъе, файзалъе гьоркьохъан.*
*[4] Аллагь лъаялъул.*
*[5] Я, муъминзабазда кутакалда гурхIел-рахIму гьабулев.*
*[6] Аллагьасде асклове, ай, Гьев лъаялде.*
*[7] Ишал.*
*[8] РекIел чIей.*
*[9] Ай, лъикIал тIабигIатал дагьлъун ккун.*

# Дур рахIмат-цIобалъул гIатIилъи лъайдал

...Дур рахIмат-цIобалъул гIатIилъи лъайдал,
ГIузру бачун щварав лагъ дунги вуго,
Дидасан бегьараб адаб тей, такъсир,
ТавбугIаги Аллагь, Мун тIаса лъугьа!

ТIокIав гьунар гьечIев гьардухъанасул
Гьариялъе жаваб гьабе, я Мужиб[1]!
Гьаб дирго нафсалъул амруялдаса,
Аллагь, цIунун ккаги фи къайдил хIаят[2]!

ХIалада чIолареб загIипаб якъин[3]
Зияд[4] гьабе, Аллагь, дун пакъирасул.
Мун разилъи гуреб дир матIлуб[5] гьечIеб,
Дудаго лъалелъул – ризкъилъун гьабе!

Дуй гIоло дун вокьун аскIор рачIарал
Ихваназе[6] ажру Дуцаго гьабе!
Динияб вацлъиялъ бичараб рокьи
Ракьде руссинегIан къотIизе тоге!

---

[1] *Я жаваб гьабулев Аллагь.*
[2] *ЧIаго вугевгIан заманаялъ.*
[3] *РекIел чIей.*
[4] *ЦIикIкIинабе.*
[5] *ТIалаб гьабулеб жо.*
[6] *Вацазе.*

Дие комекалъе батараб къокъа
Мукъаррибуназул[1] мухъилъ чIезабе!
Бахъараб хIетI рикIкIун хIал чIахъадазе
ХIажалъараб къоялъ дур цIоб рештIаги!

Дие сахлъиялъе жигар гьабурал
Гьазул гIумруялда баракат лъеги!
Берцинаб дунял кьун, дин-Исламалда
Наслаби тIоритIун, тIубайги мурад!

ТIарикъат, шаригIат камил гьабизе
Гьунар кьеги, Аллагь, мун вокьаразе!
МагIрифат[2], хIакъикъат ризкъилъун гьабун,
Гьаб тIаифаялъе[3] фатхIу рагьаги!

Расуласул ﷺ суннат чIаго гьабизе
ЧIаго гьаре ракIал, гьардарав Аллагь!
Гьев разияб хIалалъ хьвадизе манлъун,
Хьулал тIурайзаре ниж киназулго!

Жавабалде хьул лъун гьарулеб бугин,
Гьабуге, БетIергьан, гIадада хвезе!
ГIайиб-такъсиралъул цIун вугониги,
ЦIоб лъун, гурхIел гьабе мискинав дида!

---

*[1] Аллагьасде гIагарлъарал.*
*[2] Аллагь лъалеб макъам.*
*[3] Къокъаялъе.*

Кинабниги амру Жинде буссунев
XIакъикъияв ФагIил[1] Мун вукIиналда
РакIчIей xIасул гьабун, шак нахъе босун,
ИхIсанияб макъам вагьбулъун гьабе! [2]

Гьидаяталъул[3] нур карандеги тIун,
Квешал ахлакъазул[4] къуват хойзабе!
Къасават[5] гIемерал нижер ракIазулъ
Нафю – исбаталъул[6] xIарарат[7] биччай!

## XIелун Духъе вачIарав чIваге Дуца дунги нахъ!

...ГIилму тIалаб гьабулел тIалибиназул къукъа
ТIоритIе Дуца, Халикъ, Хириясул нухалда!
Хирияб динул-Ислам боссе анищ гьабурал
Щвезаре мурадалде Дурго фазлуялдалъун![8]

Аллагь-РахIман, Мун-РахIим, xIилмуялъул БетIергьан,
XIелун Духъе вачIарав чIваге Дуца дунги нахъ!

---

*[1] Иш гьабулев.*
*[2] Мун вихьулеб гIадин тIагIат гьабулеб макъам чIобого кье.*
*[3] БитIараб нухалъул.*
*[4] Хасиятазул.*
*[5] РакI биццалъи.*
*[6] «Ла илагьа илла ллагь» - абураб калима.*
*[7] БухIи.*
*[8] ЦIобалдалъун.*

ЧIовогояв гьардухъан, гьунар гьечIев дун пакъир,
Рикъзи гIибадат гьабун, гьаве, Аллагь, вохизе!

Гьардухъан нахъ витIулеб тIабигIат Дур гьечIелъул,
Гьабе, Аллагь, диеги Дур ррахIматалъул бутIа!
БитIараб ТIарикъалде тIоритIиги Дурлъидал,
Дунги ахIе, я Карим, кумалазул[1] нухалде!

Киналго хIукмабазул хIакимги Мунголъидал,
ХIасрат бергьун щварав дун пашман гьавуге, Аллагь!
ШафагIаталъе изну кьолевги Мунголъидал,
Дида кверщел гьабиги муршидасде тIамун те.

ТIолго хазинабазул ихтиярги Духълъидал,
Дир каранда къан бугеб къадар гьабе, я Гъани![2]
Къурбаталде[3] ахIизе хIалкIолевги Мунлъидал,
ХIасул[4] гьабе, я Къадир,[5] къалбул салим[6] диеги!

Къабулаб тавбуялъул гъапуги Дурголъидал,
Дийги рагье, я Гъафур[7], гъуфран[8] щун ракI бохизе!

---

*[1] Камилал гIадамазул.*
*[2] Я Бечед.*
*[3] ГIагарлъиялде.*
*[4] Щвезабе.*
*[5] ХIал кIолев.*
*[6] Сахаб ракI.*
*[7] Мунагьал чурулев.*
*[8] Мунагьал чури.*

Шайтlан нахъе къотlулеб къуватги Дурголъидал,
Дунги цlуне, я Латlиф[1], тlолго хатlаялдаса!

Тlахьаз жаниб бахчараб бечелъиялъул бутlа
Биччай, Аллагь, диеги диналъе квербакъизе!
Къуръангун Хlадисалъул хlукму бичlчlизе бокьун
Хlалтlуда араб гlумру гlибадатлъун хъвай, Аллагь!

Гlафвуялъул кверщелги кодоб бугев Мунлъидал,
Киналго дир мунагьал гьаре, Аллагь, рахчизе!
Черхалъул гlузру лъалев гlалимги Мунголъидал,
Гlилму нафигl[2] цlикlкlун кьун, цlцlан ваче тавбуялде!

ТавхIидалъул кутубал[3] каранда накъищ гьарун,
Камил гьабе дир ихлас[4] Дурго хIилмуялдалъун![5]
Дирго мунагьазе нугl дунго вукlин бихьулев
Басирги[6] Мунголъидал, лъугьун те, Аллагь, тlаса!

---

*[1] Я Гурхlулев.*
*[2] Мунфагlатаб гlелму..*
*[3] Тlахьал.*
*[4] Ракlбацlцlалъи.*
*[5] Хlалимлъиялдалъун.*
*[6] Вихьулев.*

# Кумек гьабе, дир Аллагь, динул-Ислам бичӀчӀизе!

...ГӀамал гьечӀеб гӀилмуялъ гӀалимги гьалаглъулин,
ГӀазана ллагь,[1] БетӀергьан, гьеб гӀумро-хӀалалдаса.
ГӀилму гьечӀев жагьилги камиллъун вахъунарин,
Кумек гьабе, дир Аллагь, динул-Ислам бичӀчӀизе!

ЖамигӀул-азгьаралъухъ[2] рокьи ккарав дун – гӀажиз,
ГӀисяналда[3] къоял ун къварид тоге, я Рабби!
РекӀел хивалал лъалев халкъалъулго Мун - ХӀаким,
ХӀабибасул ﷺ ирсалъул варислъун дунги гьаве!

Беразул нур суйнегӀан сверун балагьаниги,
Сифат лъайзе кӀоларев, кӀодолъи цӀакъав Аллагь,
АхӀмадил ﷺ ТӀарикъалъул бутӀадулавлъун гьавун,
Ваче дунги рухӀазул хӀал хьаразде гьоркьове!

Къоял сардада рацӀцӀун сапар бухьананиги,
Вугеб бакӀ батуларев, вати тӀадав БетӀергьан,
ТӀагьаясул ﷺ шаргӀалъул щулияб хӀаблуялда[4]
Щула гьабе дирги ракӀ Дулъ махӀаббат[5] цӀикӀкӀине!

---

*[1] Аллагьас цӀунаги.*
*[2] Къагьиралда бугеб машгьураб исламияб университет.*
*[3] ГӀассилъиялда.*
*[4] Рухьеналда.*
*[5] Рокьи.*

ХIуснул-хулкъ[1]камиллъулеб,каранлъракIчIаголъулеб
“Ла илагьа илла ллагь” чорхолъ хьвадизе гьабе!
Гьидаят[2] хIасуллъулеб, ХIабибуллагь ﷺ вохулеб,
Хирияб салаталъулъ сухIбат[3] цIикIкIине гьабе!

ЦIикIкIун ккарал мунагьал чуризе дарулъулеб
Дуде истигъфар[4] гьаби гьуин гьабе мацIалъе!
Гьарараб къабул гьабун, къабулаб тавбуги кьун,
Къоял гIадада унеб гIамал сверизе гьабе!

Свалат-салам лъе, Аллагь, нижер Аварагасда ﷺ,
Инсанасул мацIцIалда рехсезе хIал кIолареб!
ХIабиб ﷺ вохун те, Аллагь, умматги хвасар гьабун,
Гьесул адаб гьечIого гьадин ниж хьваданиги!

## Расулгун агьлуялда, Аллагь, лъеги Дур салам!

...Зодиб бугеб цIва рикIкIун цIоб рещтIаги, я Аллагь,
ЦIар берцинав ТIагьаде ﷺ, тIолго хIаваижазде!
Дуниял цIураб боцIул цIоко-тIомалда бугеб
ТIолго расгIан гIемераб свалатги лъе, я Рабби!

---

*[1] Берцинаб хасият.*
*[2] ВитIун ккей.*
*[3] Гьалмагълъи (ай салат битIи).*
*[4] Мунагьал чури тIалаб гьаби.*

Ралъдалъе ччугIби рикIкIун, ччугIбузда куркьбал рикIкIун,
Кинабго сасу рикIкIун саламги лъе, я РахIман!
Рохьоб бугеб гъветI рикIкIун, гъотIода тIамах рикIкIун,
ТIад бижараб пихъ рикIкIун рештIаги тIаде рахIмат!

МугIрул цIураб гIи рикIкIун, гIуру цIураб хер рикIкIун,
Харида кьибил рикIкIун рештIаги тIаде баркат!
Их бачIиндал цIадалгIан, цIорой ккедал гIаздалгIан
ГIадад хIасру лъалареб хIасуллъаги даража!

Боржун унеб хIинчI рикIкIун, хIанчIида куркьбал рикIкIун,
Куркьбазда хIули рикIкIун, хIулиялда рас рикIкIун,
Ракьалда бижанщинаб боржун унеб рухI рикIкIун,
Расулгун ﷺ агьлуялда, Аллагь, лъеги Дур салам!

Анкьалго зобал цIурал малаикзаби рикIкIун,
Малайкзабаз гьабулеб даимаб тасбихI рикIкIун,
ТасбихIазул хирияб — «СубхIаналлагьги» рикIкIун,
Расулгун ﷺ агьлуялда, Аллагь, лъеги Дур салам!

Алжан рикIкIун, цIар рикIкIун, цIер гIадин тIагIам рикIкIун,
ТIуба абураб гъотIол тIолго гIаркьел-кар рикIкIун,
Рахьдал, жадул гIор рикIкIун, гIурул къатIраби рикIкIун,
Расулгун ﷺ агьлуялда, Аллагь, лъеги Дур салам!

ХIурулгIинал данде къан, буракъал гъорлъе рачун,
Гъоз рарал санабазул сардалгин къоял рикIкIун,

Къоял – сардазда жанир сагIтал-минутал рикIкIун,
Расулгун ﷺ агьлуялда, Аллагь, лъеги Дур салам!

Халкъалда дин малъарал Дур илчизаби рикIкIун,
Эзда тIадкъай гьабураб тIолго Дур калам рикIкIун,
Кинабго данде къараб Къуръаналъул хIарф рикIкIун,
Расулгун ﷺ агьлуялда, Аллагь, лъеги Дур салам!

ХIарфалда хIарак рикIкIун, хIаракул магIна рикIкIун,
МагIна хъвараб тIехь рикIкIун,тIехьалда рагIи рикIкIун,
ТIахьал данде гьарурал гьал гIуламаал[1] рикIкIун,
Расулгун ﷺ агьлуялда, Аллагь, лъеги Дур салам!

ГIуламааз ахIараб, Аллагь, Дурго цIар рикIкIун,
КIалдиса рухI инегIан ээ цIараб хIухьел рикIкIун,
ХIетI лъураб балдат[2] рикIкIун, бахъараб гали рикIкIун,
Расулгун ﷺ агьлуялда, Аллагь, лъеги Дур салам!

Доз хъварал тIахьал цIалун тIокIлъарав гIалим рикIкIун,
ГIалимас тIовитIарав тIолго жагьилав рикIкIун,
Гьел киназего хъварал Дур даражаби рикIкIун,
Расулгун ﷺ агьлуялда, Аллагь, лъеги Дур салам!

Я Бичасул Авараг ﷺ, уммат хирияв ХIабиб ﷺ,
ХIал кIолеб гьечIо нижер низамалда хьвадизе.

---

*[1] ГIалимзаби.*
*[2] Шагьар.*

Замана квешлъун ккедал, куфру гIемерлъун ккедал,
Кинабго чулпа лъугьун чара къотIун ккун руго.

Чорокаб-бацIцIадалъе цIоб гIатIидав Аллагьас
ГIафву гьабун течIони, рорчIизе бакIго гьечIо.
Гьеб рахIмуги нижее РахIманасул щвеялъе
Щибниги далил гьечIо, дур мунажат[1] гурони.

Диналъул къадру гьечIел къулубал[2] ратаниги,
Къабул гьабе, я Аллагь, ахIараб нижер мавлид!
ХIалал-хIарам жубараб тIагIам батананиги,
ТIаса лъугьа, БетIергьан, гьелда ниж рази гьечIин!

Мун вокьун данделъарал диналъул вац-яцазе
Дурго шафагIатазул щвезабе, ХIабиб ﷺ, бутIа!
ХIисаб-суал гьабизе ГIарасалде рачиндал,
Нечон, хIинкъун ниж тоге, хIакъав русулазул хан!

Ахир заманалде ккун зунубал цIикIкIарал ниж,
Забаниятал рачIун басра гьаризе тоге!
Тавбуялъе кIвахIалаб агьлу ниж ругониги,
ЖужахIалъул цIедаса цIуне дуца, Авараг ﷺ!

Аллагь, Гъафуру РрахIим, ХIабибасда ﷺ цIоб лъеги
ЦIадул балагьалдаса уммат хвасарлъиялъул!

---

*[1] Шуршуди, гьардей.*
*[2] РакIал.*

Хасго рецц Дуе, Халикъ, халкъ бижарав БетIергьан,
ТIагьал ﷺ бицун кIалъазе кIал-мацI нижее кьурав!

## КъутIбуясул нуралъ гвангъараб КагIба

...КъутIбуясул нуралъ гвангъараб КагIба
Бихьизе къасд лъола, къуват гIоларо.
ГIилмудул хIур чIараб ХIарамалъул ракь,
Рокьи духъ гьабула гьанивги вукIун.

Гьижраялъ[1] мун арав Мадинаялде
Дунги ахIе, АхIмад ﷺ, хIалхьун вукIине,
ХIарбуялъ[2] босараб Маккаги бихьун,
Хьул нахъбуссинабе ссудулеб рекIел.

Мун вокьи рихараб халкъалда гъорлъа
Хвезениги ваче дун БакъигIалде,
ГIакъидатго[3] гьечIеб къавмалда гьоркьов
Къварид вугин, ХIабиб ﷺ, гурхIа мун дида!

Динул Исламалъул сасго къотIараб
ТIун аги гIодобе гIумруялъ туснахъ,
ГIилму-тIалабалъе чараго гьечIеб
ЧIунтун хараблъаги хъублъараб ВатIан!

---

*[1] Гочун гьижра гьабун.*
*[2] Рагъалдалъун.*
*[3] БитIараб рекIел чIей.*

ТIагьа ﷺ – ян ахIизе хIалхьи толареб,
Таллагь, рихун буго гIадатазул нух,
ГIаксалда хIалтIулел хIукмучагIазул
ХIалай бакIлъун ккола бицунеб хабар.

Хваразухъ хIайранаб, хIаят[1] ч1алгIараб,
ХIадисалъ бицунеб ахир замана,
Зулматал[2] гIемерлъун, гIалам жагьиллъун,
ГIибадат басралъун, сурун бугеб куц.

Свинго гьечIеб чирахъ жаниб бакараб
Каранда къан буго къиматаб Равза,
Къадру тIокIав ТIагьа ﷺ жанив къанщараб
Щола мун ракIалде, ГIаишатил рукъ.

ШафагIат бокьарал гьоболлъухъ унеб
Гьадиясул къубба[3] гIагарда анищ,
ГIищкъу бергьаразул мурад тIубалеб
ТIайбаталде[4] сапар бухьине анищ.

Аварагﷺ хьвадараб ХIижаз ракьалде
ХIалкIолеб куц анищ гьижра гьабизе,
Гьесул жигьадазул лъалкIниги анищ,
Аллагьасул нухда дуниял тезе.

---

*[1] ГIумру (чIаголъи).*
*[2] БецIлъаби.*
*[3] Купол.*
*[4] Мадинаялде.*

Дур нур бихьуларел берзул канлъухъе
Кин гали босилеб, я Расулуллагь ﷺ?
Дур фуюзал[1]чвахун чуричӀеб ракӀалъ
Чорокаб нафсалде кӀал кин гьикъилеб?

Кавсаралъул лъеде уммат ахӀулев
РухӀазул эменги дур варислъидал[2],
Дирго загӀиплъиялъ зузуданиги,
Залимаб нафсалда гӀайиб цӀакъ буго.

Бичасде щвеялъе далиллъун[3] ругел
Дур хулафаалги[4] ратун ругелъул,
РекӀел къварилъиялъ къиркъиданиги,
Къадар - Аллагьасул, алхӀамду лиллагь.

Дур суннат цӀунизе хӀалкӀвечӀониги,
ХӀалхьини теларо тураяб логой,
Тавбуялда чӀезе рес гьечӀониги,
РахӀат хвезабила хвараб черхалъул.

ХвезегӀан ракьалда вихьичӀониги,
Хьулни къотӀуларо, ТӀагьа ﷺ, дудаса,
ТӀаде рахъун хадуб ГӀарасаталда
ГӀела вихьаниги дирго Аварag ﷺ.

---

*[1] Чвахулел нурал.*
*[2] Ирсилав.*
*[3] Нухмалъулеллъун.*
*[4] Устарзаби (халифаби).*

Дур манакъибазул[1] биценги гьабун,
Берцинго рукIина гIажал щвезегIан.
Аллагьас кьуралде сабруги гьабун,
Свалат-салам дуде гIемер битIила.

Алжан гIатIилъулев, жужахI ссун унев,
Салам дуде нижер, я Расулуллагь ﷺ!
СиратI шагьралъулев, шайтIан лъутулев,
Салам дуде нижер, я ХIабибуллагь ﷺ!

Хириязул КъутIбу[2], тIолгоязул нур,
Салам дуде нижер, я Каримуллагь![3]
Камилазул асил, русулазул[4] хан,
Салам дуде нижер, Я Набияллагь[5]!

ГIилмуялъул бахIру, хIилмудул[6] ралъад,
Салам дуде нижер, я РахIматуллагь[7]!
ХIикматазул керен, кашфуялъул ракI,
Салам дуде нижер, я ХIафияллагь!

---

*[1] Хиралъабазул.*
*[2] ЦIва (КIудияв).*
*[3] Аллагьасул хирияв.*
*[4] Илчизабазул.*
*[5] Аллагьасул Авараг ﷺ.*
*[6] ХIалимлъиялъул ралъад.*
*[7] Аллагьасул рахIмат.*

ХӀасрат бергьаразе шафагӀат щолев,
Салам дуде нижер, я Сафияллагь[1].
Свалат битӀарасе баракат хӀакъав,
Салам дуде нижер, я Нажияллагь[2]!

Дин бокьарал васал силкалда[3] ххолев,
Салам дуде нижер, я ГӀалималлагь[4]!
ГӀазабалъе хӀакъал тархъан гьарулев,
Салам дуде нижер, я Аминаллагь[5]!

Аман гьарун щварав пашманлъуларев,
Салам дуде нижер, я Калимуллагь[6]!
Кумек хӀажатасе хӀадурлъи цӀакъав,
Салам дуде нижер, я СиратӀуллагь[7]!

ТӀолго мунагьазул гьиралги раччун,
Гьумерни киб бугеб калам гьабизе.
Кинабго къасават рекӀелъги бессун,
Ресги кин рекъолеб КъутӀбу веццизе.

---

*[1] ТӀаса вищарав.*
*[2] Аллагьгун шуршудулев.*
*[3] Куналда (рахсида).*
*[4] Аллагь лъалев.*
*[5] Аллагьасул божарав.*
*[6] Аллагьгун кӀалъарав.*
*[7] Аллагьасул нух.*

ТӀагьа ﷺ – ян ахӀулеб дир хӀухьелалъул
БухӀини киб бугеб каранда жаниб?
Кинниги дир хивал – тавбу гьабизе.
Гьунар Дуца кьеги, вокьулев Аллагь.

## АхӀи буго Дудехун Дур загӀипав гӀабдасул

...Аллагь, Мун тӀаса лъугьа тӀолго хатӀаялдаса,
Халкъалъулго хирияв Дур ХӀабибасе ﷺ гӀоло!
ХӀакъаб лъаялъ Мун лъарал лагъзадерида гьоркьов
Гьаве дунги, БетӀергьан, гьеб Дурго фазлулъидал[1]!

Я дир мунагьаздаса гъуфран[2] кӀудияв Аллагь,
АхӀи буго Дудехун Дур загӀипав гӀабдасул,
ГӀисян, фискъу, ширк, нифакъ[3] рекӀелъа нахъе босун,
Рияъ-сумгӀаталдаса[4] вацӀцӀадавлъун гьавеян!

Я дир гӀамалалдаса рахӀматалде хьул лъолев,
РахӀман, Дуде гьарула гьидаят[5] хӀасул гьабе!
ХӀавлу къувват кодосев, я Къавиййун, я ГӀазиз[6],
Къабул гьабун те тавбу такъсир ккарав лагъасул!

---

*[1] ЦӀоб-гурхӀел.*
*[2] Мунагьал чури.*
*[3] ГӀассилъи, пасикълъи, ширк, мунапикълъи.*
*[4] Рихьдаегун рагӀизабизе гьабиялдаса.*
*[5] ТӀовитӀи.*
*[6] Я Гучав, Къуватав, Бергьарав.*

Я халкъалъул хьул лъолев, хазаиназул Малик[1],
Мун гурев Вагьгьаб[2] гьечIин, чIобого кье гьарараб!
Гьарейилан манлъарав махлукъаталъул Раззакъ[3],
Ризкъилъун гьабе нижей ХIабибасул ﷺ шафагIат!

Я Мужиба ддагIавати истажиб дугIаана[4]
Я РахIимал музнибин[5], чуре нижер мунагьал,
Я Мукъилал гIасарат[6], рацIцIе нижер хатIаби,
Я Гьадиял музиллин[7], кантIизаре хIакъалде!

Я Мусаббибал асбаб[8], рекъезаре сабабал,
Я Мукъалибал къулуб[9], цIуне ракIазулъ иман,
Я БагIисал анбияъ, игьдина билмуршидин[10],
Я МуфаттихIал абваб[11], рагье цIобалъул гъапу!

---

*[1] Ханзабазул хан.*
*[2] ЧIобого кинабго жо кьолев.*
*[3] Халкъалъе ризкъи кьолев.*
*[4] Я, дугIаялъе жаваб гьабулев Аллагь Дуца нижер дугIаялъе жаваб гьабе.*
*[5] Мунагь гьабуразда гурхIулев.*
*[6] ХатIабазда тIаса лъугьунев.*
*[7] Я къосарал гIадамал ритIун ккезарулев.*
*[8] Я сабабал рекъезарулев.*
*[9] Я ракIал сверизарулев.*
*[10] Я аварагзаби ритIарав Аллагь, Дуца ниж муршидзабаздалъун ритIун ккезаре.*
*[11] Я рагьаби рагьулев.*

Я БаситIал ядайни[1], биччай нижее рахIмат,
Я СахIибал мавагьиб[2], гьаре бечед Мун лъаялъ,
Я РафигIа ддаражат[3], щвезаре макъамалде,
Я Валиял авлияъ[4], раче дур хIазраталде[5]!

Я Рабби, салли гIала[6] халкъалъул Хириясда,
Хадуб - агьлул байталда асхIабзабигун цадахъ,
Цинги халафуназда, хадуб салафуназда[7],
Хасго ниж тIоритIулел нижер устарзабазда!

## Устарзабазе дугIа кинацаго гьабизин

...Устарзабазе дугIа кинацаго гьабизин,
Гьезул адаб цIунизе тавфикъ тIалаб гьабизин,
Тавбату ннасухIалде[8] сахIихIаб нийййат[9] лъезин,
Санад[10] бацIц1адаб тIарикъ тIаде босун хIалтIизин.

---

*[1] Я гIатIидго кьолев.*
*[2] Я кIудиял сайгъатазул бетIергьан.*
*[3] Я даражаби тIадегIан гьарулев.*
*[4] Я ханзабазул хан.*
*[5] Дуде аскIоре.*
*[6] Я Рабби, Дуца свалат лъе.*
*[7] Цере аразда ва хадур рачIаразда.*
*[8] БацIцIадаб тавбуялде.*
*[9] Сахаб ният.*
*[10] Рахас.*

Кье, Аллагь, истIикъамат[1] Мун лъай макъсуд[2] бугезе
Лъайзе гьабе я, ГIалим, гIилмуялдасан мурад,
Мун разилъи матIлублъун[3] ТIагьал ﷺ суннат ккуразе
Сагьлу[4] ризкъилъун гьабе тIолго гIибадаталъулъ.

АлхIамду- бацIцIадаб рецц лилЛагьи - Аллагьасе,
ГIала кулли хIалин - киналгоги ахIвалазулъ,
Абадияб, даимаб свалат-салам тахIиййат
МухIаммадун МустIафа Расуласда ﷺ лъе, Аллагь;

Агьлу асхIабзабада, анбияъ-русулазда[5],
Эзул нухда рачIарал тIолго табигIиназда,
ГIалам иршад[6] гьабулел гьал машаихзабазда,
Гьезде игIтикъад[7] бугеб АхIмадил ﷺ умматалда.

Дунги - Дур мискинав лагъ, мунагьазда даимав
Дурго гIафву-хIилмуялъ тIаса лъугьун те, Аллагь!
Ана гIабдука ззалиль анталь агIаззуль акрам
Фаакримни бифазлик я акрамаль акрамин[8].

---

*[1] ВитIун чIей.*
*[2] Мурад.*
*[3] ТIалабгун.*
*[4] Бигьалъи.*
*[5] Аварагзаби, илчизаби.*
*[6] ТIобитIулел.*
*[7] РекIел чIей.*
*[8] Дун Дур хIакъирав лагъ ккола, цIакъ тIадегIанав, хирияв вуго. Дур цIобалдалъун дунги хира гьаве, я хириязулги бищун Хирияв.*

Ана ГӀабдукаль факъир анта гъаниййун ХӀамид,
Фаагънини биттакъва я канзал фукъараи[1]
Ана ГӀабдукаль гӀаси анта Гъафурун РахӀим,
Фагъфирли биманника я агьлаль магъфирати[2].

Ана ГӀабдукаль муфлис анта жаввадун карим
Фажуд БилутӀфика я залжалали вальикрам[3].
Ана ГӀабдукаль хаиф анта Ттаввабу РрахӀим,
Фатуб бирахӀматика я аманал хаифин[4].

## Камун тоге, БетӀергьан, ТӀагьаясул ﷺ муршидал

...Камун тоге, БетӀергьан, ТӀагьаясул ﷺ муршидал
ТӀолго муъминзабазе шафагӀат-тӀалабалъе,
Щваги эзул баракат киналго вац-яцазе,
Квешабщинаб гӀамал тун, тавбуялде руссине!

[1] *Дун - Дур мискинав лагъ вуго, Мун - бечедав, реццалъе мустахӀикъав вуго, дун такъваялдалъун бечед гьаве, я мискинзабазул хазина.*

[2] *Дун - Дур гӀассияв лагъ вуго, Мун - гурхӀулев, мунагьал чурулев вуго. Дуца Дурго цӀобалдалъун дир мунагьал чуре, я мунагьал чурулев.*

[3] *Дун - чӀовогояв Дур лагъ вуго, Мун - цӀакъ кьолев, сахаватав, гурхӀулев вуго. Дур гурхӀалидалъун Мун дие сахавалъе, Я кӀодолъи - тӀадегӀанлъиялъул БетӀергьан.*

[4] *Дун - Дур хӀинкъарав лагъ вуго, Мун - цӀакъ тавбу къабул гьабулев, гурхӀулев вуго. Дур рахӀматалдалъун дуца дир тавбу къабул гьабе, я хӀинкъарал жиндихъе кӀанцӀулев.*

## Чвахизабе, ХIабиб ﷺ, дур файзалъул лъим.

...Къасават[1] бергьараб дир ракI чуризе,
Чвахизабе, ХIабиб ﷺ, дур файзалъул лъим.
ЛъикIал ахлакъазда дун ругьунлъизе,
Рай, ТIагьа ﷺ, черхалда шаргIалъул рахсал.

Шамил имамасул давлаталдаса[2]
Дурго умматалъул цо факъир вугин,
Фискъу-нифакъалъул асар тIагIине,
ТIе дир ракIалдеги нурул магIрифат[3].

Машаихзабазул адабал кквезе,
Аллагь, дуца манлъе ниж киназдаго,
Камилаб игIтикъад[4] ризкъилъун гьабун,
Гьезул назраталда[5] ниж даим гьаре.

## КантIизаре, Аллагь, хIакъикъаталде

...Нафсул аммаратаз[6] кверде росарал
КантIизаре, Аллагь, хIакъикъаталде,

*[1] РакI биццалъи.*
*[2] Улкаялдаса.*
*[3] Аллагь лъаялъул нур.*
*[4] РекIел чIей.*
*[5] Балагьи.*
*[6] Квешалде ахIулел нафсаз.*

ХӀакъаб нухда чӀезе гьунар гӀоларел
ГӀавнуялъул[1] рахсаз рухье, БетӀергьан!

Рогьел бан бихьидал бакъ баккиялде
Интизаргун[2] ругел нижеда гурхӀа,
НакӀкӀул бецӀлъиги ун зобал роцӀиндал
МоцӀ бихьиялдаса махӀрум гьаруге.

Гьабун бажарулеб тӀагӀатги гьечӀин
ТӀаса лъугьа, Гъафур[3], гъапулав дида,
Дур лагъ вукӀиналда разияв пакъир,
Ризванул акбар[4] кьун, вохизавун те.

Халкъалъул хирияв дур ХӀабибасул ﷺ
Умматалда гъорлъ тей гъуфранлъун[5] гӀела,
ГӀаламалъул СултӀан – Авараг ﷺ вати -
Ризванул акбарни, эбги гӀун буго.

---

*[1] Кумекалъул.*
*[2] Халккун (балагьун).*
*[3] Мунагьал чурулев.*
*[4] Бищун кӀудияб разилъи.*
*[5] Мунагьал чурилъун.*

## ТIолго муъминзабазе диналъе регIел гьабе

...Дур зат гуребщинаб жо жиндий гIоло бижарав
ГIаламалъулго сирру[1] - Дур ХIабибасе ﷺ гIоло,
Гьесул нухда рачIарал гьал акътIабазе[2] гIоло,
ГIамал гьечIеб къавмилан къварид гьаруге, Аллагь.

Гьидаяталъул[3] нухал гIатIид гьаре, БетIергьан,
ТIарикъаталъулъ нижей ритIун чIей ризкъилъун кье,
Заманалъул балагьал Дуца тIаде риччаге,
ТIолго муъминзабазе диналъе регIел гьабе.

Дуде ниж гIагарлъулеб гIамалалъе тавфикъ кьун,
Тавбату ннасухIалъул[4] агьлулъун сверизаре.
Иршадалъе[5] къуват кьун макъамал цIикIкIинарун,
Нижер устарзабазе, Аллагь, Дуца гIумру кье.

## Аллагь РрахIман, мун гурхIа...

...Аллагь РрахIман, мун гурхIа ХIабибасул ﷺ къавмалда,
ХIавлу-къуват кье, Аллагь, квешаб тун, лъикIаб кквезе.
Киналго агьлул къиблат, ракIал, мацIал цо гьарун,
Цо раъюялде[6] рачун, риччай куфру гъуризе.

---

*[1] Балъголъи.*
*[2] КIудиял вализабазе.*
*[3] ВитIун ккеялъул.*
*[4] БацIцIадаб тавбу.*
*[5] Халкъ тIобитIизе.*
*[6] Пикруялде.*

Гъазаваталде къачIан диналъухъ рухI бичизе
XIадурлъаралщиназе, Аллагь, Дуца квербакъе.
Эзда данде рахъарал диналъул тушбабазда
Дурго къудраталдалъун къагъруялъул[1] цIал кьабе.

## ТIоритIе я, XIаким, хIакъаб нухалда!

...ТIолгоязул Малик[2], мулкалъул[3] паччахI,
Камил гьабе нижер Дуде махIабат.
Макъбулияб[4] иман ракIалдеги тIун,
ТIоритIе я, XIаким, хIакъаб нухалда!

XIакъикъияб лъаялъ Мун лъаразда гьорлъ
Лъе нижерги цIарал, цIоб гIатIидав Хан.
Махлукъалъе[5] рикьун хазайиназе[6],
Хусран[7] гьечIев Бечед, риччай рахIматал!

Расуласул ﷺ ТIарикъ, ТIагьаясул ﷺ нух
Берцин гьабе, Карим, кумалаздалъун[8],

---

*[1] Квегъиялъул (гучалъул).*
*[2] Хан.*
*[3] Ханлъиялъул.*
*[4] Къабулаб.*
*[5] Халкъалъе.*
*[6] Хазинабазе.*
*[7] Ками.*
*[8] Камилал гIадамаздалъун.*

Караматал тIокIал авлияазул[1]
Иршадалъе[2] къуват цIикIкIине гьабе!

ЦIар берцинав Сайййд, нижер Авараг ﷺ,
Аллагь, мун вихьизе матIулъун гьаве.
Гьесул суннат ккурал садатаздалъун[3]
СагIадат[4] насибаб къавмалъулъ раче!

РавхIанияв инсул аврадаздалъун[5],
Аллагь, щвезе гьаре вилаяталде[6]!
Гьесул адаб цIунун хьвадизе манлъун,
Хьулал тIуразаре муридзабазул!

Макъамал тIокI гьарун АхIмадил ﷺ варис[7],
Аллагь, Дуца цIуне амразаздаса[8]!
Дур ХIабиб ﷺ вохарав халифаясе[9]
Халатаб гIумру кье ниж тIоритIизе.

---

*[1] Вализабазул.*
*[2] Халкъ тIобитIизе.*
*[3] КIудиял чагIазул.*
*[4] ТалихI.*
*[5] Вирдаздалъун.*
*[6] Валилъиялде.*
*[7] Ирсилав.*
*[8] Унтабаздаса.*
*[9] Устарасе.*

РахӀман, Дуе буго тахӀиййат - икрам[1],
Кидаго хӀамдгин-рецц, шукругин санаъ[2].
Саййидул гӀаламин ﷺ [3] расуллъун витӀун,
ТӀокӀ гьарун ругелъул умматаздаса.

Анбияазул[4] хан, халкъалъул СултӀан,
ТӀолгоязул Мухтар, нижер Авараг ﷺ,
Эсде битӀун толеб свалатгун салам
Сайгъатлъун щвезабе нижер рахъалъан!

## ХӀажат буго гӀафву мунагьаздаса

...ГӀарифунал[5] дагьаб, дин тӀеренлъараб,
Дунял гӀуцӀиялъул къимат лъугьараб,
Гьаб заманаялъул афатаздаса[6],
Аллагь, Дуца цӀуне АхӀмадил ﷺ уммат!

Мун цо вукӀин лъалел загӀипал лагъзал,
ГӀамал пасалъидал, басра гьаруге,
Расуласде ﷺ инкар гьечӀеб агьали,
Суннат тун кканиги, те тӀаса лъугьун.

---

*[1] КӀодолъи.*
*[2] Рецц.*
*[3] ГӀаламалъул кӀудияв.*
*[4] Аваргзабазул.*
*[5] Аллагь лъалел гӀадамал.*
*[6] Балагьаздаса.*

Дур кIодолъи лъарал гIуламаазул
ГIамал ккун хьвадизе тавфикъ кье, Аллагь,
АхIмадие ﷺ хIакъаб хIурмат гьабурал
Гьал шайихзабазул щвезабе баркат!

Дазу - гIорхъи гьечIеб дур рахIматалъул
Ралъадазул квершел муршидзабахъ те,
Мунагьал чурулеб тавбудул гъапу
Гъаримал нижее рагьараб къаге!

Гьарейилан амру гьабурав РахIман,
ХIелун гьари буго тIаса лъугьаян,
Гьарарасе кьезе хIал кIолев Къадир,
ХIажат буго гIафву мунагьаздаса.

Гьаризе агьлулъун ниж гьечIониги,
Гьибаталъул[1] агьлу Мунго вугелъул.
Мунагь-хатIаялда тIасаги лъугьун,
ТIоритIе, БетIергьан, битIараб нухда!

*****

...ТIарикъаталъул нухал ясбер гIадин цIунизе
ЦIияб къуват кье, Аллагь, нижер устарзабазе!
Аварагасул ﷺ суннат сагIат гIадин къачIазе,
Сахлъиялда хутIаги хириял вализаби!

*****

---

*[1] ЧIобого кьолев.*

# Рияъ-сумгIат берцин бихьун...

...Рияъ-сумгIат берцин бихьун,
Балъгояб ширк рекIелъ бессун
Устарасде иналдаса, Аллагь,
Дуца ниж нахъе чIвай!

Ихласалда[1] гIамал цIунун,
ГIужбу, рияъ[2] нахъе босун,
Нафсул аммараталдаса[3],
Аллагь, Дуца хвасар гьаре!

Ахлакъу ззамиматал[4] тун,
ХIамидатазде[5] рачIине,
ХIавлу-къуват чIобого кьун,
Раче Дурго хIазраталде!

ХIабибасул ﷺ тIарикъалъулъ
РитIун чIезе тавфикъ гьабун,
Тавбу къабул гьабураллъун
Гьаре, Аллагь, Дуца нижги!

---

*[1] Аллагьасе гIололъун.*
*[2] Живго жинда цIакъавин ккей; гIибадат гIадамазе гIоло гьаби*
*[3] Квешалдалъун амру гьабулеб нафс.*
*[4] Какарал тIабигIатал.*
*[5] Реццарал хасиятал.*

Нижер устарзабазеги,
Аллагь, Дуца къуват кьеги,
Къадру-къимат эзул гьаби –
Эб нижейги насиблъаги.

Инкаралъул агьлуялде
РакӀалдего эл щогеги,
Шавкат[1] бугел залимзаби
Жидедего машгъуллъаги!

## Гьал гӀисинал авладал...

...Анбияъ - русулазул[2] ирсалде хьул гьабурал
Гьал гӀисинал авладал, Аллагь, Дуде аманат.
Исламияб нух кквезе кьучӀ лъолел тӀалибинал[3],
ТӀаде рахӀматал риччан, бечед гьаре, я ГӀазиз.

ГӀилму тӀаса бищарал мутагӀалимуназда
ГӀавнуялъул[4] рахсал рай, къудраталъул[5] БетӀергьан.
ТӀагьаясул ﷺ суннат кквей берцин бихьанщиназул,
Гьев вихьулеб канлъи кьун, керен, ракӀ гӀатӀид гьабе.

Гьезде гӀилму манлъулел гӀолилазе тавфикъ кье,

*[1] Гуч, къуват.*
*[2] Аварагзаби – илчизабазул.*
*[3] ГӀелму тӀалаб гьабулел.*
*[4] Кумекалъул.*
*[5] ХӀалкӀолъиялъул.*

ГӀумругун ризкъиялда баракат лъезе гьабе,
Кумекалъе ратарал тӀолго диналъул вацал,
Дунял-ахираталда рохел кьун рази гьаре.

Гьазие пайдаялъе гьабураб калам рикӀкӀун,
Кинавго гӀалимасе гӀаднуялъуб[1] рукъ баги.
ГӀилму тӀалибиназе сарф[2] гьабураб боцӀи-мал
ЦӀаялдаса цӀунизе пардаваллъун гьабеги.

## РачӀа, вацал, гьабизин гьанже киназго тавбу

...ГьадагӀан цӀоб гӀатӀидав, БетӀергьан, Дуй рецц буго,
Веццизе хӀал кӀоларев хӀаким вуго Мун, Аллагь.
Умматалъул рахъалъан свалат-салам дуй, АхӀмад ﷺ,
ХӀакъикъатго лъалареб ралъад вуго мун, ХӀабиб ﷺ.

РачӀа, вацал, гьабизин гьанже киназго тавбу,
Тефтер, мунагь хъвачӀого, хъахӀаб кагъат хутӀизе.
ТӀаса лъугьинин, вацал, гьанже нилъ цоцадаса,
Гьабураб гъибат-бугьтан, гьереси-мацӀалдаса.

Гьаризин ракӀал рацӀцӀад жахӀда-хӀусудалдаса,
Руссине хӀузуралде ма ла ягӀни жибго тун[3],

*[1] Алжаналъул цӀар.*
*[2] Харж.*
*[3] Аллагь ракӀалде щвеялде руссинаре кӀвар гьечӀеб жоялдасан.*

«Ватбагlи ссайиатал хlасаната тамхlугьа[1]» –
Хlадисалда нахърилълъун, гьабизин лъияб гlамал.

Гьабураб квешлъиялда ракl бухlун пашманлъизин,
Фахрул анам[2] вохулеб свалат битlун цlалдезин,
Цlаялдаса тархъулеб зикруялде руссинин,
Васитlа[3] устар гьавун, Аллагьилан ахlизин.

Астагъфируллагь, Рахlман, тlолго мунагьаздаса,
Мун рази гьечlебщинаб фигlлу - къавлуялдаса[4],
Дудаса ракl гъафуллъун кlалъараб кlалалдаса,
Бахъараб хlетlалдаса, бегьараб квералдаса,

Мун разияб гурелде балагьараб бердаса,
Рагlизе хlарамалде гlинтlамун чlеялдаса,
Дудаса ракl гъафуллъун биччараб хlухьладаса,
Дун квешлъи гьабулесда тlад рекъон чlеялдаса.

***Аллагьуммагъфир ли ма ла ягlламуна,***
***Ва ла туахизни бима якъулуна, Важгlални***
***хайран мимма язунуна! Амин, я Мужиб!***

*****

---

*[1] «Квешаб гlамалалда хадубго гьеб бацlцlулеб лъияб гlамалги хадугъезабе».*
*[2] Халкъалъул чlухlилъун вугев Авараг ﷺ.*
*[3] Гьоркьоккун.*
*[4] Пиша – рагlиялдаса.*

# Киназулго рекIел тIегь - ТIагьа ﷺ рази гьавизин

...Киназулго рекIел тIегь - ТIагьа ﷺ рази гьавизин,
Рижарав Аллагьасул гурхIел нилъейго щвезе.
ШаргIалъул нух цIунизе цIакъбахъун нилъ хIалтIизин,
ХIабиб ﷺ вохизавуни, Халикъ тIаса лъугьунин.

Гьарун арал мунагьал чури тIалаб гьабизин,
ТIаде рахъунеб къоялъ рохараллъун рукIине.
Астагъфируллагь, тавбу, тана, Аллагь, нижеца
Теян амру гьабурал киналгоги квешлъаби.

Гьариларо, БетIергьан, тIаса лъугьа нижеда,
Дур шаргIалъул хIукмаби хIакъирлъулел гIамалал.
Мун цо вукIин лъаниги, лъаларелгун хьваданин,
ЛъикIлъилъун бадал гьаре гьарунщинал мунагьал.

Гьабураб гIамал бихьун гIазаб букIин лъаниги,
ГIасилъанин Дуде ниж, гурхIа, Аллагь, нижеда.
Как-кIал загIиф теларо, закат-сахI тIобитIила,
ТIад ругел хIукъукъазул хIисаб бацIцIад гьабила.

ХIарамалъе мугъ кьела, бокьухъе нафс теларо,
Тавбуялда даимлъун дуде руссун рукIина.
Гьереси-мацI жибго тун, жахIда-иблис нахъчIвала,
ЧIухIдае гьава мерхьун, гьарила Дуде аман.

Гьидаят тIалаб гьабун, ТIагьаясде ﷺ ахIила,
ХIакъав Дур Расуласде ﷺ свалат гIемер битIила,
Суннатаб кодоб босун, карагьатаб рехила,
Камилаб иманги лъун, ислам кIодо гьабила.

КIудал мунагьаздехун хивалго гьабиларо,
Хвалил пикру гьечIого чIобого ракI теларо,
Я Рабби, нижер Аллагь, ахIи буго Дудехун
АхIмадил ﷺ умматалъе ургъел бигьа гьабеян;

Балагьал тIаса росун, тIаде рахIматал риччан,
ТIагьал ﷺ рухIалъе гIоло гурхIел цIикIкIун гьабеян.
Гьаб ахир заманалъул загIифал нижер рухIал
ЖужахIалъул цIедаса цIуне Дуца, БетIергьан.

Дур цIобалъул гIатIилъи гIурхъи гьечIеб бугелъул,
Гьалмагъ гьечIеб рукъалъул къварилъи тIаса босе.
ТIолго муъминзабазул рекIелъе иманги тIун,
Аллагь, Мунан ахIулеб хIухьал къотIизе тоге.

АхIмадгун ﷺ данделъулел даражабиги рикьун,
РухI босулеб сагIаталъ сагIадат насиб гьабе.
Тавбуялъул рагьу къан, къварид гьаруге, Аллагь,
Ахир заманаялъул гIаламат тIатун бугин.

**Тавбу, астагъфируллагь, щукру, алхIамду лиллагь,**
**Ла иллагьа илла ллагь, МухIаммад - расулу ллагь.**

# ХIаж-гIумра къабул гьабун, рокъор тIад руссинаре.

...Я АхIкама-л-хIакимин[1], хIажги ризкъилъун гьабун,
ХIарамалде ахIарал Дурго гьалбал ругелъул,
МигIражалде ахIарав Дурго ХIабиб ﷺ кинигин,
ХIаж-гIумра къабул гьабун, рокъор тIад руссинаре.

ИгIтикъад[2] камиллъарал киналго хIажизаби,
КагIба бихьараб гIадин, Мун вихьун рохизаре.
Зам-зам гьекъезе щварал тIолго муъминзабазе
ТIагьаясул ﷺ ХIавзалъул бутIа насиб гьабеги!

Сафагин Марваялда сагIю гьабунщиназе
СиратIалъул кьодасан рахине гьунар кьеги,
Хирияб ХIарамалъул адаб-хъатир ккуразе
Дунял-ахираталда рохелал гIемерлъаги!

ГIарафа мегIералда вукъуфалда[3] чIаразе
Къиямасеб кьояца ГIаршалъул рагIад щваги.
ГIуюнал[4] чвахулаго гьаниб гьабураб дугIа
Дуца къабул гьабеги, я архIама РрахIимин[5].

---

*[1] Я хIукму гьабулезулги бищун хIукму битIарав Аллагь.*
*[2] РекIел чIей.*
*[3] Аллагь ракIалда ккун.*
*[4] Берал.*
*[5] Я гурхIулезулги бищун гурхIулев.*

Муздалифаялда чIун мабит[1] гьабизе щварал,
Минаялдеги рачIун, тахIиййатги борхарал,
БетIералдаса кIкIвараб рас рикIкIун аза-азар
Мунагь-хатIаби чурун, рацIцIад гьаре, я ГIазиз!

Аййаму тташрикъазул важибги тIубайзабун,
ТIавафул вадагIалъе[2] Маккаялде рачIарал,
МахIшаралде ахIидал, мухIиббиналгун[3] цадахъ,
ХIисаб-суал гьечIого, Алжаналде рачаги!

Расуласде ﷺ къасд гьабун, Мадиналде къокъарал,
Къиматаб Равза бихьун, гьелъул хIурмат гьабурал,
ХIабибгун ﷺ данде гьарун, рохалил мажлисалда
Жаннатул - ГIаднуялда[4] гIодор чIезе гьареги!

БакъигIалда гьабураб зияраталъул ажру,
Аллагьас къабул гьабун, азариде бахаги!
УхIудалде щваразе шугьадаазул баркат
ШафагIаталъул къоялъ насибаблъун гьабеги!

Лъабкъоялда анцIго сон туснахъалъуб бахъараб
Тархъан гьабе, я Аллагь, икълим зулмуялдаса!
Исламалда тIад чIараб чIегIер накIкI гIадаб бецIлъи,
Бакъул гIадаб нур биччан, бухIизабе, я Карим!

---

*[1] Сордо борчIи.*
*[2] Къо-мех лъикI гьабиялъул тIаваф.*
*[3] Рокьулелгун.*
*[4] Алжаналъул цIар.*

ХIажгун гIумра гьабизе къасд ккарал муъминзаби
Раче, хIалкIолев Аллагь, ХIарамалъул ракьалде!
ХIабибасул ﷺ хобалъухъ гIашикъаб агьлу-суннат,
Эб бихьи къадар гьабун, мурадалде щвезаре!

ИститIагIат[1] гьечIезе, гIажизлъун хутIаразе,
РекIел нийат хал гьабун, ажруги тIубайзабе.
ТIолабго агьлул къиблат иттихIадалде[2] рачун,
Ислам тIадегIан гьабе, къудраталъул БетIергьан!

## ШафагIат гьаризе Дур ХIабибасухъ ﷺ

...Бахьи кьураб къавмалъ къабул гьабулеб,
Къосараб агьлоялъ ширклъун рикIкIунеб
ШафагIат гьаризе Дур ХIабибасухъ ﷺ
ХIасратгун щваразе щвезабе, Аллагь.

Гьесул Равза бихьун магIу тIинкIарал
ГIуюназда рохел тIаса унгеги,
ТIаде-хариялъги сапар бухьине
Сабабалги рекъон, мурад тIубайги.

Къуръан-хIадисалда бицен бачIарал,
ЧIаго алжаналъул рохел бицарал,

[1] ХIалкIвей.
[2] Цолъиялде.

Абубакар-Сидикъ, ГӀумарул Фарукъ,
Салам ножой кьурал ниж кӀочон тоге.

Ножор баркаталде хьул цӀакъ гьабулел
Гьал пакъирал нижер хӀалахъ балагье,
Бичасул Расулас ﷺ тӀад росичӀони,
ТӀаса лъугьайилан гьаре кӀиясго.

ГӀисян-фискъуялъул унтулъ ругел ниж
Сидкъуялъ[1] мехтарав духъе щун ругин,
Дурго гьудуласде «гьабе дару», - ян
Гьарараб ахӀи бай, я свахӀибул-гъар[2].

БатӀулабщиналъул хьуцӀилъ къан ругел
Ниж къватӀир рахъизе Магьди виччаян,
Я музгьирул Ислам, фатихӀул булдан[3],
Дуцаги бай ахӀи Аварагасде ﷺ.

АнцӀ-азарго асхӀаб жанив вукъараб,
Жанатул-бакъигӀан сифат гьабураб,
Расулуллагьасул ﷺ рукъалъул агьло -
Гьелги жанир рукъун, къадру цӀикӀкӀараб;

Къуръан цӀалулаго зулмуялъ чӀварав
Зу-ннурайни ГӀусман - ГӀафанил валад,

---

*[1] РитӀухъльиялъ.*
*[2] Нохъодул гьалмагъ, ай нохъода Аварaггун ﷺ цадахъ вукӀарав.*
*[3] Ислам тӀибитӀизабурав, улкаби кверде росарав, ай ГӀумар ؓ.*

Гьесги ватIан ккураб БакъигI бихьарал
Бихьугеги жужахI муъминзабазда.

Агьло-БакъигIалъул хIурматги гьабун,
Гьезухъе рачIарал заиринazе,
Зиярат къабуллъун баракатги щун,
Квешабщинаб тезе тавфикъ гьабеги!

ВахIшиясул чIоралъ гIужийги восун,
УхIудалъул къоялъ къанщарав асад,
Саййиду-шугьадаъ - ХIамзатил баркат
УхIуд бихьаразе ризкъилъун кьеги!

Къуръан–хIадисалда хIукмуги къотIун,
Къоло щуго соналъ хвалченги хьвагIун,
Хоб БакъигIалда щун, мурадги тIобан,
ТIагьал ﷺ мадугьалихъ рештIин гьабурав;

ТIолго дунялалда цIар тIибитIарав,
ТIаса ийин гьечIеб баркатлъун ккарав,
Баркат тIалаб гьабун рачIарал гьалбал
Гьаре, Шамил имам, дуцаги къабул.

Дагъистан къалъараб къиблаялъул цIва,
ЦIар дур рехсезецин гьукъун букIана.
Икълимго чIухIарав кибритул-ахIмар[1],
Киртал ран рахчана дур манакъибал.

---

*[1] БагIараб месед.*

Магъриб - машрикъалда жал тIиритIарал,
ТIад къоно чIвана гьаз дур сияразда.
Диналъул тушбабаз къимат кьуниги,
Кьерилазул цоял рахъана данде.

Дуени ургъел щиб, Имамул-АгIзам,
ГIадамал щиб бицун гаргаданиги,
Дур даража-макъам Бичасда аскIоб
Басират[1] бугезда бихьун бугелъул.

## ХIабибасул ﷺ уммат кантIизе гьабе,

...Къудраталъул Аллагь, Дур хIал кIолелъул,
ХIабибасул ﷺ уммат кантIизе гьабе,
Гьаб пасадаб заман, загIипал нижго, -
Зулму тIаса босе бусурбабазда.

Дур рахIматалъул цIал мугъалда кьабун,
Гъафлаталъ мехтарал ниж ригьинаре,
Гьидаяталъул нур ракIазулъе тIун,
БитIун ккезе гьабе нижер гIакъидат.

Амин!

---

*[1] РекIел бихьи.*

# Рокьаралгун рахъинаре ниж ГІарасат майданалда.

...Мун вокьиялъ Дуйги рокьун,
Дур рахІматалъ сверун ккурал
Сулукалъул церехъаби
Лъайзе тавфикъ гьабе, Аллагь!

Гьезул адаб-хІурмат кквезе
Илгьамияб гІилмоги кьун,
ГІадамазул женаздаса
ЗагІифал ниж цІуне, РахІман!

Мун разилъи тІалаб гьабун,
ТІагьаясде ﷺ балеб ахІи,
Гьесул хІурматалъе гІоло,
НахъчІвайчІого, къабул гьабе!

АкътІабазул баркаталде
Хьул гьабулел муъминзаби,
Мунагьазда тІаса лъугьун,
Гьелгун цадахъ даим гьаре!

Дур ццин бахъин рештІун
Хадуб тІагІаталъул пайда гьечІин,
Гьаруге ниж, я БетІергьан,
Бахьи гьечІеб къавмалдаса!

Дуй гьабулеб лагълъиялъулъ
Гъафлат-гъалатI цIикIкIаниги,
ЦIоб гIатIидав нижер Бечед,
Мун разилъи матIлуб[1] буго.

МугIрул гIадал ругониги,
Мун разияв лагъ ватани,
Мунагь-хатIа гIемерлъиялъ
ГIабид гьалаг гьавиларо.

Риязаялъ[2] черхги квегъун,
Гьаваялде воржаниги,
Дур ццин бахъин щун хадуса
Хвалда витIун чи ккеларо.

Хирияв Дур ХIабибасул ﷺ
ХIурматалъе гIоло, Аллагь,
Агьлолъун ниж гьечIониги,
Гьаре Мун разияздаса!

Гьесул умматалда гъорлъан
Агьло-суннат цIакъ рокьулел,
Рокьаралгун рахъинаре
Ниж ГIарасат майданалда.

Амин! Амин! Амин!

---

*[1] Жиб тIалаб umf,ekt, жо, мурад.*
*[2] Черх квегъи.*

*****

Я Рабби, тIаса лъугьа нижер загIиплъиялда,
Заманалъ ниж рачараб жагьилаб хьвадиялда.
Дуца нигIматлъун кьураб Исламалъул гьуинлъи
Лъайзе гьабе, БетIергьан, ТIагьал ﷺ гьаб умматалда!

*****

...Дуй вокьарав лагъасул керенги гIатIид гьабун,
МагIрифаталъул[1] нурал ракIалде тIолев Аллагь,
ТIад пардавал гIемерлъун гIилмоялъе нух къарал
Нижер къулубаздаса къасават нахъе босе.

Къуръангин хIадисалъул хIакъабгин батIулалъулъ
БитIун хIукму гьабизе хIавло-къуват кье, Аллагь.
АхIмадил ﷺ варасатаз тIаса бищараб магIна
Щивав муъминчиясул гIакъидаталъулъ цIуне.

## ТIагьай ﷺ гIоло нижер хIаж къабул гьабе!

...Фахру-л-анамасул Аллагь - БетIергьан,
Умматлъун ниж гьари – Дурго рахIмат-цIоб,
РахIматлъун халкъалъе Дуца витIарав
ТIагьай ﷺ гIоло нижер хIаж къабул гьабе!

---

*[1] Аллагь лъаялъул.*

ХIажжун мабруралъул[1] амро камиллъун
Алжан насиблъараб агьлолъун гьаре,
СагIюн машкуралъул даража щварал
Дур авлияазул мухъилъе раче!

Макъамалда нахъа гьабураб дугIа,
ГIайибал рахчун тун, кодобе босе,
ГIузру бачун Дуда цере чIарал ниж,
ЧIового тIаса лълъун, рохизе гьаре!

РахIматалде хьул лъун, Дуцаго ахIун
Дур гьоболлъухъ щварал загIипал лагъзал,
Агьлу-л-магъфиратлъун Мунго вугелъул,
Мунагьалги чурун, тIад руссинаре!

Гьарурал тIавафал, тIолабго гIамал,
ГIазизав БетIергьан, гьормалъ кьабуге,
БацIцIадаб ниятгун Дур гьоболлъухъе
Сафар бухьаразул мурадал тIорай!

Сафа-Марваялда хьваданщиназул
Щибаб жужахIалъе гьан хIарам гьабе,
Гьениб лъурабщинаб гали-хIетI рикIкIун,
ХIужажазде[2] тIаде рахIматал реччай!

*[1] Къабулаб хIажалъул.*
*[2] ХIажизабазе.*

РахIман, Дуда цере ГIарасаталда
ГIалам эхетулеб къо ракIалде щун,

ГIараф мегIералда вукъуф[1] гьабурал
Акъвияазда[2] гъорлъ нижги манлъун те!

Минаялда сардал чIаго гьарурал
Къаимуназдаса[3] ратIа гьаруге,
Гьезул баркат щвараб агьлолъун гьарун,
Аллагь, мискинал ниж бечедги гьаре!

Дуде иман лъурал, гIибадат дагьал,
ГIафвуялъул[4] гьапу нижее къаге,
Къуръан цIаланиги, гIилмо лъаниги.
ГIамал пасалъарал[5] нежеда гурхIа!

ХIабиб – МухIаммадил ﷺ умматалдаса
Ахир заманалъул абнааллъидал,
АнцIил бутIаниги тIагIат гьабурал
ТIубан гьабуразда релълъине гьаре!

Гьаб хирияб КагIба, Масжиду-л-ХIарам,
АхIмад ﷺ жанив гьавун тIокIлъараб Макка,

---

*[1] ЧIейи.*
*[2] Къуватал гIадамал.*
*[3] ГIибадат гьабун сордо борчIарал.*
*[4] ТIаса лъугьин.*
*[5] ГIадада хварал.*

ТӀолго купруялъул питнаялдаса,
Малику-л-кавнайни[1], Дуцаго цӀуне.
Дару-л-гьижраялъе мустахӀикълъараб,
Расуласул ﷺ баркат жаниб буссараб,
Ясрибалде бугеб мушрикиназул
Анищал хӀор гьаре, хӀал кӀолев Аллагь!

ХӀежалдаса гьукъун, къваридги гьарун,
Къанабакье арал тӀолго умумул,
ТӀолазего нижер хӀаж-гӀумраялъул
Кири щвезе гьабе, Вагьгьабун Карим!

Мун цо вукӀиналда дагӀба баларел,
Дур хирияв ХӀабиб ﷺ витӀухъ гьавулел,
ТӀолго агьлул къиблат айна ма кану[2],
Аллагь, Дуца цӀуне балагьаздаса!

Биял гӀодор тӀолеб рагъ-кьалги къотӀун,
Ракълида хутӀаги Кавказалъул халкъ,
Койрал бидул цӀураб агьлоги кантӀун,
Исламалъул гьумер бакълъун гвангъаги!

Миллатал гӀемераб нилъер Дагъистан
Динияб кьучӀалда цолъун хутӀаги,

---

*[1] Дунял – ахираталъул Хан.*
*[2] Кир ругониги, киналго бусурбаби.*

Цоцазда ричIчIи кьун, ухуват[1] цIикIкIун,
Аллагь, Мун разияб къавмлъун гьареги!

Къабул гьабиялде анищ-хьулалда
Гьаризе агьлолъун ниж гьечIониги,
Гьарараб кьезе Мун агьло вугелъул
Гьабе нижей жаваб, Мужибу дагIват[2]!

Нижер агьло-кулпат, рукъалъул агьло,
ТIолго мадугьаллъи, росо-жамагIат
Гьаб заманаялъул афатаздаса[3]
Сах-саламат цIуне, Раббу-л-гIаламин!

ГIилмо-нафигIги кьун, мутагIилзаби
ГIибадат-диналда хурхине гьаре,
Дунял тIаса бищун, ахират кIочон,
Ислам тун, гIадатал ккойзе реччаге!

РикIкIун кьурал къоял ахиралде щун,
Хабалъе руссарал нижер вац-яцал,
Хасго ралъдал тIинде ккарал умумул,
Аллагь, киназулго мунагьал чуре!

Мун разияб гIамал ккойзе тавфикъ кьун,
Тавбоялде ахIе росдал агьали,

---

*[1] Вацлъи.*
*[2] Гьариялъе жаваб гьабулев.*
*[3] Балагьаздаса.*

Руччаби, бихьинал, лъимал, умумул,
Иман рекӀелъ цӀунун, гьидаят гьаре!

Гьари – нижедасан, жаваб – Дудасан
Даим гьабе, Аллагь, Мун разилъигун,
Разилъи Дур гьечӀеб ижабат-жаваб
Истидраж кколелъул, гьелдаса цӀуне!

Амин, Амин, Амин, я Мужиб!

*****

Жагьло, нисян, гъафлат, гъалатӀ –
инсанасул шаънолъидал,
ШаргӀ цӀунизе тавфикъ кьеги МухӀаммадил умматалъе!
Ихтилафу-л-аимати[1] рахӀматлъунги кьун бугелъул,
Кьуралдасан пайда босзе гӀакълу-тадбир камиллъаги!

*****

...БетӀергьан разияб къирааталъе
Тавфикъ кьун рохаги, нуж бусурбаби!
Нураниял хӀарпаз ракӀалги гвангъун,
РухӀаги киналго квешал ахлакъал!

*****

---

*[1] Ай, имамзабазул хилаф, ункъабго мазгьаб.*

## Кьеги ножое тавфикъ, тавбоялде къасд ккарал!

...Расуласул ﷺ суннат лъан, гьебги цӀунун гьабураб,
ГьитӀинаб бугониги, гӀамалалъул хиралъи –
Халикъасда аскӀоб гьеб азариде бахуна,
Аллагьас тавфикъ кьеги суннат чӀаго гьабизе!

Дунял-ахираталъулъ магӀнавияб бичӀчӀи кьун,
Кьеги ножое тавфикъ, тавбоялде къасд ккарал!
Къуръангин-хӀадисалъул амро-нагью тӀобайзе,
Аллагь, дуца тӀамеги ТӀагьаясул ﷺ гьаб уммат!

## Аллагьасда цеве чӀун щуябго как тӀобалев

...Аллагьасда цеве чӀун щуябго как тӀобалев –
Щибаб къойил щуцӀолго бацӀцӀадаб лъелъ чордолев
Чиясда релълъон вуго мунагьал чуриялъулъ.
Манлъе, Аллагь, Дуцаго дуда цере чӀолеб куц!

Дуца гьидаят гьарун нухда тӀоритӀичӀони,
БитӀараб нух нижеде манлъулев чи гьечӀелъул.
Манлъизе гьунарги кьун ракьалда Дуца тарал
Дур уманааздаса ратӀа гьаруге, Аллагь!   Амин!

*****

...Къудраталъул Аллагь, дур хIалкIолелъул,
ХIабибасул ﷺ уммат кантIизе гьабе!
Гьаб пасатаб заман, загIипал нижго,
Зулму тIаса босе бусурбабазда!

*****

...ШафагIат гьарулеб ахIи бачIиндал,
Аллагьасде ХIабиб ﷺ хIелун гьардола,
ХIурмат тIокIав гьудул къабулги гьавун,
Гьарулев лагъасе жаваб гьабула.

Гьадинаб рахIматлъун ХIабиб ﷺ кьуралъухъ,
ХIалкIоларо, Аллагь, Дуй рецц гьабизе,
Дур фазло-цIобалде гIашикъал лагъзал,
ГIайибал рахчун тун, рохизе гьаре!

*****

ЗагIиплъиялъ сверун ккурав, комекалде цIакъ хIажатав,
Жагьилав дун – Дур лагъасе сабаб рекъезабе, Аллагь!
Сабабалда хурхинабун хIукму-къадар тIобитIулев
ТIоритIе ниж, я  Мусаббиб, Мун разияб гIамалалде.

*****

...ГIемер гьардани, инсан инсанасда чIалгIуна,
Мискинчиясул кIалтIе гьардохъан вачIунаро.
Гьаризе эхтияр кьун, кьезе къотIи гьабурав
Къудраталъул БетIергьан, тIорай нижер мурадал!

*****

...Лъимал чIахIалъанагIан росасул хIакъги кIочон,
КIалалъ бокьараб бицун къец-дагIба бегьуларо.
БитIараб гIадло-низам инсуца гьабулелъул,
Лъималазул рахъги ккун, эбел кIалъай квеш буго.

Щибаб рузман къоялда бацIцIадго тавбо гьабун,
Цуцада тIаса лъугьин лъикIаб буго гьезие.
ЛъикIаб гьабун, квешаб тун тавбоялда даимал
Эбел-эменгун лъимал, лъеги нужеда баркат!

*****

...Гьанжи къаламалъе рахIат гьабизин,
Рохалида таги, диналъул вацал!
ДугIа-алхIамалде хьулги букIунин
РакIалде щваралаз гIахьалги гьаве!

## ...ГIилмогин гIамалалда вохун, чIухIиялдаса

...ГIилмогин гIамалалда вохун, чIухIиялдаса
ЧIового хутIиялда ракIбухIун, гIодиго лъикI.
ЛъикIлъиги гьабулаго квешалгун хьвадизегIан,
Квешлъиялда вукIунги лъикIал рокьиго гъулай.

ЛъикIлъиялдалъунги чи жужахIалде унелъул,
Аллагь, Дуца цIунаги гIужбу-рияалдаса[1].

---

*[1] ГIужбу – живго жиндаго лъикIавин ккей; Рияъ – рихьдае гIамал гьаби.*

ГӀалимин дидаго ккун, Мун лъаялъулъ жагьиллъун,
Жагьлул-мураккабалъе[1] ккезе Дуца тогеги!

## Гьал факъирал нежеда гурхӀа, Аллагь, чӀового!

...Заманалда жанибги заман батизабулев,
Зоб-ракьалъул махлукъат Дуй бокьухъе бижарав,
Бижанщинаб жоялъул хӀикматги Дуда лъалев,
ХӀабиб ﷺ хиралъиялъе нугӀлъунги Мунго чӀарав;

Мун цохӀо вукӀин лъалел, Дуде инкарги гьечӀел,
Дур ХӀабибги ﷺ вокьулел, хӀалкӀун суннатги кколел,
Сулукалъул агьлоги рохун къабул гьабулел
Гьал факъирал нежеда гурхӀа, Аллагь, чӀового!

ГӀамалалъе тавфикъгун гӀилмул-ахират кьурал
Мухлиссиназда[2] гъорлъа ратӀа гьаруге, Аллагь!
БатӀингун загьиралъул гъапу Дуца рагьарал,
Дур фукъарааздехун[3] махӀаббат[4] ризкъилъун кье!

*****

[1] *Жагьлун-мураккаб – жгьилав, амма жагьилав вукӀинги жиндаго лъаларев.*
[2] *Аллагьасе бацӀцӀадаб гӀибадат гьабулел гӀадамал.*
[3] *Фукъараал – мискинзаби. Гьаниб мурад буго тӀарикъаталъул агьло.*
[4] *МахӀаббат – рокьи.*

...БатIинабгин загьираб ризкъиги хIалалаб кьун,
ХIалалаб касбуялда[1] даим гьаре, БетIергьан!
БитIараб нух манлъизе далилги божарав кьун,
Дунялгин ухраялъул ургъелги тIаса босе!

*****

...Миллат – Ибрагьимиял, гIакъидат – АшгIариял,
Аллагь, Дуца ниж гьаре агьлу-суннатаздаса!
Гьезул баркат-шафагIат щойчIого, махIрум тоге,
МахIшаралъул къоялъги гьезда гъорлъ рахъинаре.

*****

...Баркат щвезабе, Аллагь, анбияъ-русулазул,
Гьезул къиссаби цIалун, гIибрат[2] гьабунщиназе!
ШафагIат камун тоге лъикIал Дур лагъзадерил
ЛъикIалщинал рокьулел, ниж гIадал, факъиразе!

## ХIехьезе сабру кьеги балагь муъминзабазе

...Ругезул – мунагьалгин хатIаби чуриялъе,
ГьечIезул – даражаби-макъамал рорхиялъе,
Къадирас сабабалъе хIалбихьизе реччарал, –
ХIехьезе сабру кьеги балагь муъминзабазе.

---

*[1] Касбу – хIалтIи, пиша-махщел.*
*[2] ГIибрат – фикро гьабун, пайда боси.*

Мунтакъимас[1] ццин бахъун балагьал реччаниги,
Гьелдаса хIинкъуларел – шаргIалъул рахсаз ккойги!
Шукру гьечIого боцIи исраф[2] гьабулеб агьло,
Аллагьас кантIизарун, тавбоялде рачаги!

*****

Гьаругеги РахIманас, рахIматалъул Авараг ﷺ
Вокьун, гIуцIулеб мажлис рихараб къавмалдаса!
Кьогеги БетIергьанас Расуласул ﷺ шафагIат
Щоларин абулезул мекъса ккараб гIакъидат!

## Астагъфируллагь, тавбо тIолго мунагьаздаса,

...Гьединав Халикъ вуго, халкъалъул МагIбуд вуго,
Махлукъалда гурхIулев РахIман – Досул цIар буго.
Дунял цIурал мунагьал гьарун щив вугониги,
Тавбо бацIцIад гьабуни, чурилин абун буго.

Уммат жиндий хирияв ХIабиб ﷺ – авараг вуго,
Аллагьасул буйрухъал гьес тIорайзарун руго.
ТIаде хулафаазги, хадур аимматазги
ШаргIалъул ахIкамазе гIорхъабиги лъун руго.

ГIорхъи бахун къватIиве гIакълo бугев инаро,
ГIакълоялъ ккойчIев инсан шаргIалъги цIуниларо.

*[1] Ай, Жиндие бокьарасдасан рецIел босулев.*
*[2] Исраф – гIадада хвезе гьаби.*

ШаргӀ цӀунизе гӀакълоги, гьеб лъезе гвангвараги
ГьечӀел, Аллагьасги кьун, рачӀаги Исламалде!

Астагъфируллагь, тавбо тӀолго мунагьаздаса,
Мун рехсей горебщинаб рагӀи-каламалдаса,
РакӀ Дудаса гъапуллъун, беччараб хӀохьладаса,
ХӀарамалде буссараб самгӀгин басаралдаса.

*****

...Кьогеги БетӀергьанас Къарун гӀадасе боцӀи,
Бахиллъиялъ, тӀад лъураб закат бахъизе кӀойчӀев!
Баркат тӀаса унгеги гъанийюн сахиясда[1]
Сахаватаб койрдалъун комек диналъе бугев!

*****

...КӀикъого чиясда гъорлъ цо вали вукӀунелъул,
Вализабазул баркат камун нилъ хутӀугеги!
Квешал гӀемерлъаниги, лъикӀалги ратулелъул,
ЛъикӀазул шафагӀатал щваги нилъ киназего!

*****

...ВацӀцӀадав лагълъун чӀезе ракӀалъул анищ бугев,
Аллагь, дуца тавфикъ кье Дур мискинав лагъасе!
Мунагь-хатӀаби чурун, лагълъиялъул куц манлъун,
Тавбоялъул ракӀал цӀун, гъафлат хӀузурлъун гьабе!

---

*[1] Ай, сахаватав бечедав чиясдаса.*

*****

...БичIчIи кьеги Аллагьас Исламияб диналъулъ
Агьлу-къиблатлъун ругел тIолго бусурбабазе!
ТIамеги БетIергьанас ХIабибасул ﷺ суннатал,
Салафуназда релълъон, чIаго гьарун цIунизе!

*****

...Мунагь-хатIабаздаса тавбо гьабизе тIамун,
ТIоритIе, Аллагь, Дуца Дурго загIипал лагъзал!
Дунялалъул боцIуда бахиллъизе течIого,
БетIергьан, Дуца цIуне гьелъул питнаялдаса!

*****

...РакIбацIцIадго гьабураб лагъасул дугIаялъе
Данде жаваб гьабизе Жиндирго къотIи бугев,
Жив рехсеялъ гъапуллъун, гьаризе кIочарасе
Гьарун кьолеб кIигогIан тIаде зияд гьабулев[1]!

Юнус аварагасул ﷺ тасбихI гьабун гьарарав,
Гьев гIадин, цIунилилан Къуръаналда бачIана.
Къалбун салималдалъун[2] сардида тIаде вахъун,
Суждаялда гьеб тасбихI гьаби камилаб буго.

Какичури цIигьабун, кIиго ракагIатги бан,
Салам кьун хадусала суждаялде тIадвуссун,

---

*[1] Ай, тIаде цIикIун кьолев.*
*[2] Къалбун салим – батIиниял унтабаздаса бацIцIадаб, сахаб ракI.*

Юнус аварагасе ﷺ жаваб гьабураб тасбихI
Такрар гьабун абила арбагIина марратан.[1]

Мурадлъун жиндир бугеб, шаргIалъ бегьизабураб
Гьеб бакIалдаго гьаре тазарругI-хушугIалда.[2]
Халикъасе бокьани, шартIалги тIоран ккани,
Иншааллагь, хьул буго, щвела гьев мурададе.

Гьаб рехсараб куцалда, Аллагь, Дуда гьаризе,
Дуцаго тавфикъги кьун, тIаме гьал муъминзаби!
Гьев Дурго расуласул, гьесул тасбихIалъулги[3]
ХIурматалъе гIололъун чуре нежер мунагьал!!!

*****

...ГIорцIи гьечIеб ризкъигун ракъул балагьалдаса
БетIергьанас цIунаги МухIаммадияб уммат!

*****

...Аллагь–Гъафурун-РахIим, рахIматалъул БетIергьан,
БитIараб нухда чIезе Дуца нежей койрбакъе!
Нежерго нафсаздеги тIамун Дуца ниж тоге!
Тавбоги ризкъилъун кьун, мунагь-хатIаги чуре!

---

*[1] Ай, кIикъого нухалъ.*
*[2] Ай, Аллагьасе хIелун.*
*[3] Юнус аварагасул ﷺ тасбихI: «Ла илагьа илла Анта, субхIанака инни кунту мина-ззалимин».*

Мун горесде мугъчIвараб гIумруялдаса цIуне!
ГIелмуялдаса чIухIун, бубудизе реччаге!
Балагьазе сабро кье, нигIматазе щукру кье!
Щукругин сабро гьечIеб къавмалдаса гьаруге!

Амин, амин, амин, я Мужиба ддагIават!

*****

...Ужра-мухьалъе гIоло бегIеричIеб дир къалам,
Дуе гIоло бахъараб хвалченлъун гьабе, Аллагь!
Халкъалъе пайда гореб матIлуб[1] жиндалъун гьечIеб,
Гьаб мажмугI цIаларазе гIибраталъе тавфикъ кье!

*****

...Гьанжи, диналъул вацал, дир цо гьитIинаб мурад:
Дун хванилан рагIани, дугIа-алхIам кIочонге!
ДугIа-алхIам къабулал къавмалъулъ нуж гьареял,
Ножойгоги бачIунеб хайир чидае гьабе!

КIикъого муъминчияс лъикIавилан абуни,
ЛъикIаздасан гьев маййит[2] хъвалин абун бугелъул.
Аллагьасул рахIмат-цIоб цIадлъун тIаде чвахаял,
ЛъикIав чи вукIанилан абизе барахщуге!

*****

---

*[1] МатIлуб – мурадлъун бугеб, тIалаб гьабулеб жо.*
*[2] Маййит – хварав чи.*

# Ансарал, мугьажирал – гьардарал, дахIалал нуж!

...Расуласе ﷺ койрбакъун, Исламалъе кьучI лъурал
Ансарал, мугьажирал – гьардарал, дахIалал нуж!
ХIабибасул ﷺ хьибил ккун, диналъе рухI бичарал
Бишас кIодо гьарурал – гьардарал, дахIалал нуж!

Гьаб дунялалъул боцIухъ диналъе чучичIого,
Чахьазда къанал чIварал – гьардарал, дахIалал нуж!
Нафсу-л-аммараталда къуркьизаризе кIойчIел
Къуватал асхIабзаби – гьардарал, дахIалал нуж!

Нуж мисалалъе росун, Расуласул ﷺ нух ккойзе
Нежейги кьеги тавфикъ, умматалъул суружал!
Иманалъул загIифлъи гIорхъолъа борчIарал ниж,
ГIарцухъ Ислам бичизе, Бечед, Дуца реччаге!

*****

...Аллагь-РахIман, Мун – РахIим, хIелмуялъул БетIергьан,
РакIал цолъизарун, ниж цуцада ричIчIизаре!
Цо диналъул агьали, Исламалъул жамагIат,
Я ЖамигI, данде гьаре гьидаяталъул нухда!

*****

...Расуласул ﷺ агьлу-л-байт, асхIабал, табигIинал ؓ, –
Тавфикъ кьеги Аллагьас ээ ккураб нух цIунизе.
Ээул хIакъикъат лъарал гIарифуназул баркат
Умматалда гIамм гьабе, гIалам бижарав Халикъ!

*****

...Дин гьабизе гьукъарал къоял тIаса аниги,
Аллагь, дуй щукру гьечIел щулиял нежер ракIал,
РахIму цIикIкIарав Малик, цIцIоб гIатIидав БетIергьан,
Гьаре Дуцаго тамах, тавбату насухIги кьун!

Расуласул ﷺ шафагIат, асхIабзабазул баркат,
Аллагь, камизе тоге гьел рокьаралщиназе!
Гьезул нух тIаса бищун, суннат ккураллъун гьарун,
Гьаре нижги, БетIергьан, Исламалдалъун хира!

*****

...ТIагьаясул ﷺ суннат тун таризе реччайчIого,
Тавбо-истигъфаралда ниж даимлъизарурав
РахIман, Дуй рецц гьабизе хIалкIолеб гьечIониги,
ХIилла нежей ургъулел мунафикъал чIезаре!

Мунагь-хатIабазда гъорлъ тIерхьарал ругониги,
Нежер загIифлъиялда чIового тIаса лъугьа!

*****

...Дин-Ислам гьуин гьабун, гьидаят ризкъилъун кьун,
Руччабазул жагьилал Дуца тIоритIе, Аллагь!
Жавгьаралъул къимат лъан, гьеб цIунаразул баркат
ЦIунизе лъайчIезеги щойзе гьабе, я Гъаффар!

*****

## Хирияб Къуръан гьечӀеб къо тӀаде бачӀунгеги!

...Багьаго гьечӀеб жавгьар – БетӀергьанасул Калам –
Гьебги ракьалдаса ун, бесдаллъи бихьугеги!
Расулас ﷺ умматалъе, холелъул, нахъе тараб
Хирияб Къуръан гьечӀеб къо тӀаде бачӀунгеги!

Къуръаналъул тӀалабал тӀорайзе кӀойчӀониги,
КӀвараб хӀурмат гьабизе гьеб рокъоб камугеги!
Махраж-тажвид загӀипаб къираат[1] батаниги,
Къадирас цӀаларазе ажру камилаб кьеги!

## ТавхӀидалда чӀезаре рухӀ бахъиялда аскӀур!

...РекӀелъа иман бахъун басра гьариялдаса,
БетӀергьан, Дуца цӀуне бацӀцӀадаб агьлу-суннат!
Исламалъул арканалълъ гӀунгутӀи батаниги,
ТавхӀидалда чӀезаре рухӀ бахъиялда аскӀур!

Дур гӀатӀидаб цӀобалде хьулалда ругел нежей
Нафюгин исбаталъул[2] натижат[3] хӀасул гьабе!
ХӀабибас ﷺ умматалъе шафагӀат гьабулелъул,
Щоялде божи бугел нижги махӀрум гьаруге!

---

*[1] Къираат – цӀали.*
*[2] «Ла илагьа иллалЛагь» абураб калима.*
*[3] Натижат – пайда, хӀасил.*

*****

Аллагь–Гъафурун-Карим, ХIабиб ﷺ–Рауфун-РахIим[1],
РахIмат бикьизе тарал – рацIцIадал уманаал[2], –
Эзул баркат, квербакъи, Каримасул гIафву-цIоб,
РацIцIадал бусурбаби, насиблъаги нелъее!

*****

...БетIергьанасе рокьун, Алжанул рохел бицун,
Жал, Аварагас ﷺ рецщун, дунялалда машгьурав
Ункъавгоги халифа ؓ: Абубакаргин ГIумар,
ГIусман, ГIали рокьулел агьлолъун нилъ гьареги!

## БетIергьанас цIунаги бацIцIадаб агьлу-суннат

...БетIергьанас цIунаги бацIцIадаб агьлу-суннат
Гьудату-л-умматазда[3] бугьтанал лъеялдаса!
БичIчIи Исламалъулъ кьун, адаб цIунизе манлъун,
Аллагьас тIобитIаги ТIагьаясул ﷺ гьаб уммат!

Бугони щиб, Аллагьас нафсалде тIамун тани,
Инсан цо лахIзаталда гьалаклъи – хIакъаб буго.
Гьалаклъиялде цIалеб нафсу-л-аммараталде[4]
Аллагьас тIамун тарал лахIзатал рачIунгеги!

---

*[1] Аллагь – мунагьал чурулев, ХIабиб ﷺ – гурхIел-рахIмо тIокIав вуго.*
*[2] Ай, Аварагасул ﷺ ирсилал, хIакъал муршидзаби.*
*[3] гьудату-ль-уммати – уммат тIобитIулел церехъаби.*
*[4] Ай, квешабщиналдалъун амро гьабулеб инсанасул нафс.*

# Таваккал Дуде бугел ниж рехун тоге, Аллагь!

...Гlарацалде мугъчlварал гьелде тlамун таниги,
Таваккал Дуде бугел ниж рехун тоге, Аллагь!
Ханзабаца бечелъи бечедлъун ккунаниги,
Бечед – Мун вукlин лъалел нежеда гурхlа, Карим!

Рохун дунял гlуцlулел Мун кlочон хьваданиги,
Дулъ хивал хаlлтlуларел хивалал нежей кьоге!
Хlабибасул ﷺ шаригlат гьезий бегьичlониги,
Гьидаяталъул нохда Дуца ниж чlезе гьаре!

Дин-Исламалде данде балъго хlалтlула ругел
Бахьикъосараб агьло бергьине Дуца тоге!
Битlараб нух бокьарал, бихьизе канлъи гьечlел,
Курмулги гlатlид гьарун, гlалим, Дуца тlоритlе!

Дур амро-нагьюги тун, жагьлоялда хьвадулел,
Жагьилал гlолилазе гlелму насиблъун гьабе!
Гlадло-низам биххарал умараал[1] кантlизе,
Аллагь, Дурго кlодолъи гьездаги бихьизабе!

---

*[1] Умараал – хlакинзаби, тlадчагlи.*

# Шагьидлъун хваралазул хобал нуралъул цIеги!

...Гьаб рехсараб хIалалда нелъер Дагъистаналде
Дин босун рачIаразул даражаби цIикIкIаги!
Дунялалъул ургъел тун, Аллагьасул шаргI цIунун,
Шагьидлъун хваралазул хобал нуралъул цIеги!

Хасго шайх Абул-Муслим, гьесул тIолго гьалмагълъи,
Гъурбаталда[1] хутIарал киналго муъминзаби,
Кубра-вилаяталъул макъамалги хIасуллъун,
ХIабибуллагьгун ﷺ цадахъ ракIгъеялда ратаги!

Расулас ﷺ бицун тараб хIадисалда нахърилълъун,
ХIал баччаралщиназе щваги ризванул акбар!
Куфруялъулъ букIараб Алжаналъул ракьалда
Ислам бекьаралазе хур гьарзаяб бачIаги!

Гьаб, тIаса ийин гьечIеб нигIмат нелъей щоялъе
Щукру – БетIергьанасе, гьал сабаблъун тIамурав.
Гьезие щукру гьаби – нелъеда налъи ккола,
Налъи тIобайзабизе тавфикъ Аллагьас кьеги!

Эзул баркат-шафагIат нелъее камугеги,
Куфру-нифакъалдаса цIунараллъун хутIаги!
Хадуб бачIунеб гIелги Аллагьас тIоритIаги,
Исламалъулъ бичIчIи кьун, бахьи бугел лъугьаги!

---

*[1] Ай, ватIан тун къватIир, чияр ракьалда.*

Биял гIодоре тIолеб замана тIаса аги,
ТIадбуссун гьеб бачIине къотIиги батугеги!
Баркат гьечIел, дин гьечIел дунялалъул абнааз[1]
Ургъулел питнабиги кIалагъоркье руссаги!

«РахIман- РахIим» абураб Дурго сифаталдалъун
Дунялгин ухраялда, Аллагь, нежеда гурхIа!
Нежер гIайиб, гIунгутIи, ГIафуввун-Каримлъидал,
ГIафву гьабун, тIасалълъун, бечча-бехъай гьабун те!

## Агьлу-тасаввуфалъул тарбият камугеги!

...Исламалъул гIорхъаби ясбер гIадин цIунизе,
РацIцIадал гIалимзабаз цIеги нелъер Дагъистан!
Дин гьабизе бокьулел, кьалде халкъ ахIуларел
Агьлу-тасаввуфалъул тарбият камугеги!

Тохтурзаби гIажизал унтаби тIаса аги,
Умумузул нух къосун, мекъса гIадан ккогеги!
Манлъараб босуларел наслаби лъугьунгеги,
ГьацIулъе цIан балезул гIакъло-тадбир хисаги!

Тавбату-н-насухIалъе[2] хIакимас тавфикъ кьеги,
ХIабибасул ﷺ шаригIат халкъалъ тIаса бищаги!

---

*[1] Ай, дунял тIаса бищарал гьелъул васаз.*
*[2] Ай, бацIцIадаб, хIакъикъияб тавбоялъе.*

Суннат чIаго гьабизе Аллагьас нилъ тIамеги,
Ахирзаманаялъул питнабалъе ккогеги!

Питнаялъе ургъулел халикъас тох гьареги,
Тушманлъи бекьулезе сабабал рекъогеги!
Рукъалъул гIункIкIал ккойзе кутузе ресал щваги,
Койрал бидул цIуразе рацIцIине чи тIагIаги!

## БетIергьанасул хIукму хадуб лъикIаб батаги

...БетIергьанасул хIукму хадуб лъикIаб батаги,
ЛъикIабщинаб гьабизе умараал тIамеги!
Исламалда тенколел кантIизарун ригьаги,
Кибехун батаниги, хIакъаб нухде рачаги!

Чачаназул ракьалда ракълилаб байрахъ чIваги,
Биял гIодоре тIезе тIокIаб хъван батугеги!
Питнаялъе ургъулел Аллагьас чIезареги,
Илагьиял анвараз[1] бецIал ракIал гвангъаги!

...БетIергьан тIаса лъугьун, ТIагьал ﷺ шафагIатги щун,
ТIолабго агьлу-тавхIид[2] Алжаналде буссаги!
Нафсалде кIал гьикъизе, иблис къезе гьабизе,
Вагьбияб[3] хIавлу-къуват нелъейги насиблъаги!

---

*[1] Ай, Аллагь лъаялъул нураз.*
*[2] Ай, Аллагь цо гьавулелщинал.*
*[3] Ай, Аллагьас кьураб.*

*****

...Дунял-ахираталъул ханлъи кодосев Малик,
Мун разияб гIамал кье, гIелмуялъулъ бичIчIи кье!
ГIаламалда гурхIулев, рахIму кIудияв Аллагь,
Иманалда чIезарун, гурхIел нежеда гьабе!

*****

...МаслахIатлъун бугебги, гьечIебги Жинда лъалев
ГIалламу-л-гъуюбасул хIукму лъикIаб батаги!
Балагьазе сабруги, нигIматазе щукруги
Щивав муъминчиясе, я Рабби, Дуца кьеги!

## Гьунар гьечIел нежеда чIового тIаса лъугьа!

...БитIараб нух бихьизе ракIазе канлъиги кьун,
Куллу гIаламалъул хан, Дурго лагъзал тIоритIе!
Лагълъи Дуе гьабизе рижун рукIин лъалареб
Жагьилаб гIаламалъе гIулумазул баб[1] рагье!

Лъалеллъун рижаниги, Дуй гIибадат гьабизе
Гьунар гьечIел нежеда чIового тIаса лъугьа!
ТIагьаясда ﷺ хурхараб хулафаазул рахас,
РахIман, Дуде хьул буго тIезе теларебилан.

*****

*[1] Ай, гIелмуялъул гъапу.*

# Бадриюназе гIадаб, койрбакъи нежей гьабе!

...СагIадат насиблъулеб гIамал-хасиятги кьун,
ГIисинаб гIел тIобитIе, я гьадия-л-музиллин[1],
Мадрасабазде рачIун, гIелму тIалаб гьабулел
ТIалибиназе тавфикъ вагьбулъун гьабе[2], Аллагь!

Исламалде дандечIун, диналъе квалквал бугел
КантIизаризе кIолев, – цо Мун горони, гьечIо.
КантIи гьечIеб къавмалъе Мунтакъим[3] – Мунголъидал,
Къагьруялъул[4] цIал кьабе бидул койрал цIуразда!

Бихьулареб боялъул балъгояб къуватги кьун,
Бадриюназе гIадаб, койрбакъи нежей гьабе!
Намрузил гIаскаралде кIкIара тIаде тIамурав,
ТIолго гIаламалъул хан, таваккал Дуде буго.

Дур шаргIалда рекъечIеб къавлу-фигIлуялдаса[5]
Къойилго тавбо бугин, тIаса лъугьа, БетIергьан!
Истигъфаралдасаги истигъфар гьабиялде[6]
Даимго хIажатав дир Дур цIобалде хьул буго.

---

*[1] Я къосарал гIадамал битIараб нухалде тIоритIулев Аллагь!*
*[2] Ай, чIобого кье.*
*[3] Мунтакъим – Жинде гIасилъараздаса рецIел босулев.*
*[4] Ай, гьел къине гьарулеб, басра гьарулеб.*
*[5] Къавлу – рагIи-калам; фигIлу – пиша-гIамал.*
*[6] Ай, гьабураб тавбоги гьелдаса тавбо гьабиялде хIажатав, ай камилаб гореб тавбу букIун.*

ЦӀобал гӀатӀидав Аллагь, Мун цӀакъ гурхӀулев вуго,
РахӀму-цӀоб цциналдаса Дур цебеги ккун буго.
Цересел умматазе рукӀинчӀел бигьалъаби –
Гьелги нежей ругелъул, Духъа нечонги руго.

*****

...Свалат-саламгун цадахъ хирияв АхӀмадиде ﷺ,
Агьлу-асхӀабзабазде дир рахъалъан щойзабе!
Дур шаригӀат цӀунарал, гьезул нухда анщинал
Аиммату-л-уммати[1], – гьелги гъорлъ гӀахьал гьаре!

*****

...Расуласул ﷺ суннат ккун сайиатал рахчизе,
ЛъикӀлъабазе тавфикъ кьун, чӀового Аллагь гурхӀун.
Иманалда тӀоритӀун ахиру-каламина,
Нафю-исбат гьабеги[2]! Амин! Амин! Амин! Я, Аллагь!

## Аллагь! Дуй рецц гьабизе хӀал дида кисса кӀолеб

Аллагь! Дуй рецц гьабизе хӀал дида кисса кӀолеб,
Дуца манлъухъ горони Расуласги ﷺ гьабичӀеб.
РахӀматалде хьулги лъун Дуде кин гьарделарев,
Гьарун кӀанцӀизе тӀокӀаб бакӀ батула гьечӀелъул.

---

*[1] Ай, умматалъул имамзаби.*
*[2] Ай, нижер рухӀ бахъиялда аскӀоб ахирисеб калам «Ла илагьа ил-лаллагь» гьабеги.*

Тавбо гьабичIогоги чара-гIамал дие щиб,
Щибаб хIаракаталъулъ кколеб гъалатI бихьидал.
ГъалатIал гIемерлъиялъ, кигIан намуслъаниги,
Рес къотIарав лагъасе Саййид горев ватилищ?

Тавбоги тавбоялде хIажатал мискинзаби,
Муттакъиназде гъорлъе, Гъафурун-РахIим, раче!
Гъайбияб иманги лъун ХIабиб ﷺ тасдикъ гьавурал,
Гьесул шаригIаталъулъ ниж ритIун чIезе гьаре!

МигIражалъул сордоялъ умматалда тIад къараб
Къол щуябго какалда даималлъунги гьаре!
Дуца кьураб боцIи-мал лъикIаб щинаб рахъалде,
РахIман, буссинабизе сахаватаб гIумро кье!

Расуласде ﷺ рещтIараб хирияб Къуръаналде
Иман лъурал нежее гIамалалъе квер бакъе!
Киналго самавиял кутубул-къадимати
Дур Калам букIиналъе нугIлъиги нежер буго.

Алжан-жужахIалдаги сиратI-мизаналдаги,
Бераздa бихьарабгIан щаклъиги нежер гьечIо.
ШафигI ХIабиб ﷺ вукIинги хIакълъун нежеда лъала,
ХIисаб-суалалдагин МахIшаралда ракI чIола.

Мункар-Накирасдаги хабал гIазабалдаги,
ГIалам бижарав Халикъ, ишкалго нежер гьечIо.

Аварагас ﷺ рицарал ахираталъул харбал,
Иман лъун, киналниги гьелги къабул гьарула.

Къуръаналъул аятал, муташабигьатазул
МагIнабиги, я ГIалим, Дудего тIамун тола.
Дуца фатхIу рагьарал, гIилмодулъ бичIчIи щварал
ГIуламаун расихун – гьезда нахъги рилъуна.

Дур рахIмат-цIцIоб горелде хьулги нежер лъоларо,
ЛъикIлъаби гьаруниги, гьезде мугъги чIваларо,
Мун лъайи тун батIаяб мурадги нежер гьечIо,
Гьединго Мун разилъи матIлубги нежер буго.

Мунагь-хатIабазеги ниж цIакъ мукIурал руго,
МуфлихIуназда гъорлъа рахъизе бокьун гьечIо.
Гьава-нафсалъулгун рагъ балаян ругониги,
РакI разияб хIалалда гьебги лъугьунеб гьечIо.

ЛъикIалъе квер бакъиги квешалдаса цIуниги,
Куллу гIаламалъул Хан, Дудалъун гореб гьечIо!
Дуца садикъиналгун рукIайилан манлъидал,
МагIнавияб кавнияб гьезулгунги ккун буго.

КигIан цIакъ бахъаниги батIиниял адабал,
Аллагь, цIунун хьвадизе гьунарги гIолеб гьечIо!
ГIузраби къабул гьарун, гIайибал рахчун толев
ГIафувун-Каримлъидал, Дуда цере чIун руго.

РечIулаго гамчIалгун, къватIибе хъамуниги
Нахъ буссун байинчIого кинго гьой тIобаларо;
Квешлъабазда гIумро ун, такъсиралде кканиги,
Таввабу РахIимасде руссинчIого рес гьечIо.

*****

...Аллагьас мун вачаги таввабиназде гъорлъе,
Тавбоялда хварасе рохел кIудияб бугин.
РахIматалъул малайкас мугъалда цIалги кьабун,
Кьеги нахъа талихI дуй динул Ислам бичIчIизе!

*****

...Аллагьас тIоритIулеб гIамал-хасият кьеги,
ГIилмоялъулъ бичIчIи щун, шаригIат гьуинлъаги,
ШафигIасул нух кквезе тавфикъ даим гьабеги,
Тавбату-насухIалда рухI боссе хъван батаги.

*****

...Балагьалги тIаде реччан саброялде тIамичIого,
ЧIорого нигIматалги кьун щукруялда даим гьаре.
Дур шаригIат цIунияллъулъ загIифал ниж ратаниги,
Тавбо - истигъфаралдаса махIрум гьарун нахъе чIваге!

*****

...Жагьлокъунеб гIакълокьун, гIилмоялъулъ бичIчIи кьун,
ГIамалалъе тавфикъ кьун, Тавбоялъе гьунар кьун,
Вагьбияб гьидаят[1] кьун, гьава къунеб ихIсан кьун,
Аллагь, Дуца тIоритIе ниж битIараб нухалда.

*****

...ЛъикIлъаби чвахулеб баркаталъул накIкI,
Баракат дур къотIун, ниж хутIугеги!
Нахъе дуца таралварисзабазул
Ирсилал камураб къо бихьугеги!

Къуръан-хIадисалда гIамал куцизе
Комек дуца гьабе, я Расулуллагь ﷺ!
Суннат чIаго гьабун, шаригIат кквезе
РухIияб къуват кье, къудратав Аллагь!

## Огь, жагьиллъи, жагьиллъи

Огь, жагьиллъи, жагьиллъи, унго алъул гьарзалъи,
Унел рахъго лъаларел жакъа нелъер факъирлъи.
МагIнавияб ракъиялъ хIалакълъун ругин, Аллагь,
РухIанияб бечелъи беччай ниж чIаголъизе.

ЛъикIаб гьабун, квешаб тун, тавбоялде руссине
Тавфикъ вагьболъун гьабе, къудраталъул БетIергьан.

---

*[1] Аллагьас чIобого битIараб нухалде тIоритIи.**

БитIарабги тIекъабги батIа бахъизе лъалеб
БетIералъе гIакъло кье, гIалам бижарав Халикъ.

ГIилмоялъулъ бичIчIи кьун, гIамал гьабизе тIамун,
Мун разияб нухаре раче, ФаттахIун ГIалим.
ТалихI къараб къавмалъе бакъ гIадин гвангъаниги,
Бегьула гьечIин Ислам, Аллагь, Дуцаго цIуне.

## БацIцIадго динул-Ислам цIунизе тавфикъ кьеги

РахIману-РахIимасул нигIматазда данд битIун
Щукру гьабизе лъалел агъниял[1] цIикIаги.
Исламияб тарбият лъималазе гьабулел
ЛъикIал улбузул баркат киназего гIаммлъаги.

ГIакъло бацIцIадаб кьеги, боцIи хIалалаб кьеги,
БацIцIадго динул-Ислам цIунизе тавфикъ кьеги.
Тавбо ризкъи гьабеги, такъваялда хутIаги,
Тавабу-РахIимасул рахIмо-цIоб гIатIилъаги.

РакIазе хIаят[2] щваги, чурхдул нуралъ гвангъаги,
Нафсул-амаратalда кьили лъезе хIал кIваги.
ХIасадалъул нух къайзе къуватаб иман кьеги,
ИхIсан камил гьабизе квер Аллагьас бакъаги.

*[1] Аллагьас жедее бечелъи кьурал гIадамал.*
*[2] ЧIаголъи*.*

Купру-нифакъалдаса рацIцIадаллъун гьареги,
РакIги мацIги хилифаб[1] къавмалдаса цIунаги.
РацIцIадал умумузул ирсилал камугеги,
Агьлу-тасавуфалъул силсилат къотIугеги.

БатIинияб гIилмо щун, магIрифат ризкъилъаги,
Къуръаналъул асрарал[2] каранда расхулъаги
Расуласул ﷺ хIадисал ричIчIулеллъун гьареги,
РичIчIаразул нух ккурал атбагIаллъун[3] хутIаги.

Абул-Къасим[4] вахъиндал сухIбат[5] досулгун ккаги,
МасихI[6] гIодов рещтIиндал рохалида дандчIваги.
Рохалилал горони хабарал рагIугеги,
РагIарабгин бихьараб хIехьезе сабро кьеги.

Сакратул-мавт[7] бихьарал, дунялалдаса арал
Умумузул арвахIал барзахалда ратаги,
БетIергьан Аллагь гурхIун, рухI иманалда бахъун,
Эзда хадуб унеб къо нелъейги рохеллъаги.

---

*[1] РакIалда бугебги кIалалъ бицунебги данде кколареб**
*[2] Балъголъаби**
*[3] Нахърилълъараллъун**
*[4] Магьди-имам**
*[5] Гьалмагълъи**
*[6] ГIиса аварагعليه السلام**
*[7] Хвалил кьогIлъи**

Хадуб бачIунеб гIелги Аллагьас тIобитIаги,
Исламияб шаригIат цIи гьабулел ратаги.
ЦIияб гIасродул авал ахир кида лъалареб,
Агьло-къиблат цолъулеб заманалъун букIаги.

## Къуръаналъе насихIат гьабулеллъун ратани...

Къуръаналъе насихIат гьабулеллъун ратани,
Гьеб цIалун тун гIоларо, гIамал гьабизе ккола.
ГIамал гьечIони, къариъар фасикъавлъун вукIуна,
Фискъо-нифакъалдаса, Я, Рабби! Дуца цIуне.

ЦIалараб Дур каламалъ керен-ракI гIатIид гьабе,
ГIамалалъе тавфикъ кьун, гьидаяталде раче.
Гьелъул хIурмат цIунизе дуцаго ругьун гьаре,
Дунял-ахираталъул лъикIабщинаб нежей кье.

ЛъикIаб хабарги бицун, халкъ квешалде ахIулеб
Иман гьечIеб къавмалъул макро къватIиб чIвайзабе.
Макроялъе гороне каламго гьабуларел
Гьал мунафикъзабазул мацIалги Дуца рухье.

МацI-кIал гIарабиязул, гIамал занадикъазул
ГIадамазул женалги дуцаго кантIизаре.
Дунялалъул букIназда зулмучилъи гьабулел
Залимзаби квегъизе Абул-Къасимги веччай.

БетIергьан Аллагьасул фазлогин цIобалдалъун
Факъирал нелъер загьир батIиналда рекъаги.
БитIарабгин хIакъалда къулубалги[1] чIезарун,
Къудраталъул Аллагьас гьидаят нилъ гьареги.

* * * * *

Аллагьас тIоритIаги тIолалго бусурбаби
НасихIатул-гIамати «дин» кколеблъи лъаялде.
Лъаралда гIамал гьабун хьвадизе тавфикъ кьеги,
Тавбоялде руссине тохлъун ккарал кантIаги.

* * * * *

РахIман! Алжаналда кверщел батарал
Абраразул мухъилъ ниж чIезе гьаре,
ЖужахIалъе хIакъал фужараздаса[2],
ХIалкIолев БетIергьан, дуца гьаруге.

* * * * *

ЛъикIаб занну бугел музнибиназе
Мунагьал чурулеб тавбо кье, Аллагь,
Тавбату-насухIалъ ракIалги чурун,
Бечед гьаре, Вагьгьаб, ниж факъирзаби.

* * * * *

---

*[1] РакIал*.*
*[2] Къосарал чагIаздаса*.*

# ЛъикIабщинаб гьабизе къуват гьарзаяб кьеги

...Зарабаца хIалтIараб хIукму лъикIаб батаги,
ЛъикIабщинаб гьабизе къуват гьарзаяб кьеги.

Къуръангин хIадисалъул магIна-мурад бичIчIаги,
БитIарабгин тIекъалъе къимат кьезе лъай щваги,
Лъаралда гIамал гьабун, хьвадизе тавфикъ кьеги,
Тавбату насухIалда даималлъун гьареги.

Дунялгин ухраялъул умурал бигьалъаги,
Иман рекIелъ щулалъун шаргIалъухъ рокьи ккаги,
ШафагIат ХIабибасул ﷺ умматалъе гIаммлъаги,
ГIарасат майданалда авлияалгун таги.

Аллагь рехсей гьуинлъун закиринал лъугьаги,
Загьир-батIин бацIцIалъун макъамалде рахаги,
Муракъаби ругезе натижат хIасуллъаги,
ХIафсу нафас гьабулел тавхIидалъулъ тIерхьаги.

ГIуламаул-ахират тIалибинал гьареги,
ТIарикъаталъул агьло рокьулеллъун лъугьаги,
Лъимал эбелгин имсул адаб ккун ругьунлъаги,
Аллагьасул рахIмат-цIоб цIцIадлъун тIаде чвахаги.

Чурхдузе сахлъи кьеги, ракIазе къвакIи кьеги,
Абулкъасим вачIиндал хьолбохъ чIезе ратаги,

Тавбоялде руссине бусурбаби кантӀаги,
Исламалъул хӀакъикъат халкъалдаго бичӀчӀаги.

Хириял муъминзаби, диналъул вацал, яцал,
Дуниял кӀочон тараб ахират насиблъаял,
Ножор дугӀаялдаса хьул дир къотӀуларебин,
РакӀалде щваралаца «Мунагь чураги» абе.

## Нахъа чӀун бугеб хвалил сапар лъияб батаги.

Хун хадуб талихӀалъе нахъбуссинги гьечӀелъул,
Нахъа чӀун бугеб хвалил сапар лъияб батаги.
Сапаралъ вахъунесе задги[1] къварагӀунелъул,
Задалъул бищун лъикӀаб такъва[2] насиб гьабеги.

Нафсазул къуват хваги, ракӀал иманалъ цӀеги,
Аллагьасе гьабураб къотӀиялда хутӀаги,
Бусурманаб хӀал кьеги, хӀалалаб ризкъи кьеги,
ХӀабибасул ﷺ шаригӀат щиб жояли бичӀчӀаги.

Беразе канлъи кьеги, курмул нуралъ гвангъаги,
БитӀарабги тӀекъабги батӀа гьабизе лъаги,
БатӀин гӀилмо цӀикӀкӀаги, гӀирфаналъулъ тӀерхьаги,
ТӀагьал ﷺ машрабалде щун, щивав мурид вохаги.

[1] *Зад – нахърател.**
[2] *Такъва – Аллагьасдаса хӀинкъи, Гьесие мутӀигӀлъи**

ХIабибасул ﷺ шафагIат щолездаса гьареги,
Шайихзабазул назрат даималлъун хутIаги,
Дунялагин ухраялъул умурал бигьалъаги,
Абадияб сагIадат умматалъе гIаммлъаги.

Аллагьас гIафву гьабун, гIасилъаби чураги,
ГIафувун Каримлъидал, я Рабби мун гурхIаги.

* * * * *

Бихьараб хIехьезе бусурбабазе
Сабро берцинаб кье, къудратав Аллагь!
РахIмо гьечIел къавмал къине гьаризе
Зодосан РухIуллагь ракьалде веччай!

ХIукмуги гьабулев, хIикматги лъалев,
ХIалкIолев БетIергьан, Дуе рецц буго!
Дуй бокьараб бокьун, рихараб рихун
Хвезе гьаре Дуца дин Исламалда!

* * * * *

Къудратав БетIергьан, Дурго рахIмоялъ
Динул-Исламалда ниж хвезе гьаре,
Ахирисеб хIохьал, хIал Дур кIолелъул,
Нафю-исбаталда[1] лъугIизе гьабе!

* * * * *

---

*[1] Нафю-исбат – «Ла илагьа иллаллагь» абураб рагIи.**

## РахӀманасул цӀобал цӀадлъун чвахаги

Жалгун гӀодор чӀарал къосун кколареб
Къавм тӀалаб гьабуни, гьелги ратулел.
Гьезулгун бухьен ккун сухӀбат гьабуни,
Гьидаяталъул нур рекӀелъе щолеб.

Гьадинаб къавм гьечӀеб къо бачӀунгеги,
Къосун ккараб агьло ричӀад гьабеги,
РахӀманасул цӀобал цӀадлъун чвахаги,
Хвалда ритӀунги ккун ахират щваги!

## Исламалъул нух ккойзе камилаб тавфикъ кьеги!

ГӀибадат-дин гьабичӀел чӀорого хутӀулеб къо
ЧӀаго вукӀаго лъани, лъикӀ буго гӀакъиласе.
ЛъикӀаб жинде манлъидал босизе лъайи – талихӀ,
ТалихӀ бугел ратаги бусурманал наслаби!

Балагьазде сабро кьун, нигӀматазе щукру кьун,
Щивав муъминчиясул чурхдузул хӀал лъикӀлъаги!
ХӀакъаб рахъал бергьаги, батӀулаб рахъал къаги,
БатӀиниял-загьирал, унтаби тӀаса аги!

Исламалъул нух ккойзе камилаб тавфикъ кьеги!
Тавбоялде руссине гӀисинаб гӀел кантӀаги!

ГӀилмоялда тӀад чӀезе тӀалибинал лъугьаги!
ТӀарикъат-агьлоялъе натижат хӀасуллъаги!

ХӀалалаб ризкъи кьеги, рукъалда баркат лъеги,
Баркат гьечӀеб магӀишат гьабизе тӀамугеги!
Гьидаяталъул нухал бигьаяллъун лъугьаги,
ЛъикӀабщинаб гьабизе щулияб сахлъи кьеги.

Самавиял, арзиял[1] балагьаздаса цӀунун,
БетӀергьан-Аллагьасул назраталда[2] хутӀаги!
Абадияб рукъалъе къачӀазе гӀакълоги кьун,
ГӀадатазе гьабулеб лагълъи рихинабеги!

Лагълъиялъул куцги лъан, БетӀергьанги цо гьавун,
Цогидазе хӀелулеб хӀалихьалъи лъугӀаги!
ХӀакъав МагӀбуд ватичӀел, чӀаго хварал гӀадамал,
ЧӀаголъун ракӀалги ун, Исламалде рачӀаги!

Исламалъул къимат лъан, Къуръаналъул адаб лъан,
Агьлу-къиблаталда гъорлъ ижтимагӀ[3] берцинлъаги!
ГӀумроялъул магӀна лъан, гӀилмоялъул пайда лъан,
Лъимал мадрасабаде умумуца ритӀаги!

---

*[1] Зодосан ва ракьалдасан рачӀунел.**
*[2] Балагьиялда, цӀуниялда.**
*[3] Цолъи, данделъи.**

Имамзабазул баркат икълималда хутlаги!
Акътlабазул балагьи щивав чиясде шваги!
Дин рихарал къавмазе къудраталъул Аллагьас
Къагьроялъул цlал кьабун, гlадло-низам гьабеги!

*****

...Ширк-нифакъалдаса, гlисяналдаса,
Гlаламалъул Магlбуд, Дуцаго цlуне!
Дурго Хlабибасул ﷺ умматгилъидал,
Эсий гlоло чуре нежер мунагьал!

## ТIаме факъирал ниж тавбо гьабизе!

...Дин бокьаншинаца кьучl жинда лъолеб –
Кье, Аллагь, нежее тавбо ризкъилъун!
Тавхlидалде гъафу гlатlид гьабулеб –
Даим гьаре, Аллагь, ниж тавбоялда!

Жагьлоялъул бецlлъи тlаса рехулеб –
Тlаме факъирал ниж тавбо гьабизе!
Гьидаяталъул нух бацlцlад гьабулеб –
Бацlцlададаб кье тавбо хlажатал нежей!

Жужахl тlалъаралги тархъан гьарулеб –
Тавбоялде нежер кlвар бусинабе!
Ислам бокьаразе нигlматлъун кьураб –
Тавбоялде гlалам кантlизе гьабе!

ГIаламалъул эмен – Адамил гIадин ﷺ, –
Гьабуралщиназул къабулги гьабе!
Къабул гьабиялъе ругел шурутIал
Щивав инсанасда лъайзеги гьаре!

Гьараж-маражги, тун тавбо гьабизе
Тавфикъ гIолилазе насиблъун гьабе!
ТавхIид тIаса бищун, Исламги бичIчIун,
Инкаралъул агьло нухабе баче!

Нух мекъса ккаразе шагьра бихьизе,
Шагьадаталъул нур чирахълъун гьабе!
Ширк-нифакъалдаса ракIал цIунизе,
Расуласул ﷺ файиз къотIизе тоге!

Къоялги сардалги чIаго гьаризе,
РухIанияб къуват вагьболъун кьеги!
Къавлоялде фигIло хилифлъуларел[1]
Хавасазул[2] баркат гIор гIадин шваги!

ШафагIат гьабизе ХIабиб ﷺ веччайдал,
МахIшаралда гьевгун гьалмагълъи ккаги!
Гьаб дунял кIочараб ахиратги кьун,
Алжаналде руссен нелъер батаги! Амин!

*****

---

*[1] Жедеца кIалалъ бицунебги черхалъ гьабулебги данде кколел.**
*[2] Макъам тIадегIанал рализабазул.**

Зулму-къварилъиялъ сверун росарал,
Сабро кье, БетӀергьан, бусурбабазе!
Ислам цӀуниялъулъ тохлъи кканиги,
ТавхӀидалда ругел къавмазда гурхӀа!

* * * * *

Тавбоялде кантӀи кьун, квешлъи тезе гьунар кьун,
Гьидаяталъулаб нух шагьралъун бихьизабун,
ШаригӀат гьуин гьабун, хӀакъикъат бичӀчӀизабун,
ЗагӀифаб умматалъе рахӀмо-цӀоб гьабе, Аллагь!

## ГӀафву гьабун чуре нежер мунагьал

ГӀадло-диваналъулъ дурусав Аллагь,
РахӀимги Мунлъидал, гурхӀа нежеда.
РахӀмо-цӀоб гӀатӀидав, ГӀафуввун Карим,
ГӀафву гьабун чуре нежер мунагьал.

Мун цо вукӀиналъе нугӀлъи гьабулеб
Нафю-исбаталда[1] кӀал ругьун гьабе,
КӀал-мацӀалъ бицараб тасдикъ гьабулеб
Къалбун-салимги кьун, ритӀун чӀезаре,

[1] *Ай, «Ла илагьа илла-ллагь» абураб калимаялда.**

Реццгин щукру Дуе, шарик[1] гьечIев хан,
Ширкалъул агьлолъун ниж ратичIелъул,
Свалат-салам нежер Дур ХIабибасде ﷺ,
Суружул умати гъорлъе рачараб.

## ЦIуне муъминзаби питнабаздаса!

Авсалгин Хазражал вацал гьарурав
Цолъизабе, Аллагь, АхIмадил ﷺ уммат!
ХIабиб ﷺ Савроялда цIунарав гIадин,
ЦIуне муъминзаби питнабаздаса!

Мусал عليه السلام къавмалдаса сибтIалъе гIадин,
Сабаб рекъезабе ниж пакъиразе.
НухI-аварагасул عليه السلام къавм гьалаклъидал,
Гьев вокьарал гIадин, цIуне Дуцаго!

ЦIа бакьулъ Ибрагьим عليه السلام хьихьарав Къадир,
Къавмалъул квешазда ниж кIоченаре!
Намрузил боялда тIад кIкIара лъурав
ТIолгоязул Халикъ, хьул Дуде буго!

Балагьал гIемераб, гIисян бергьараб
ГIасроялъулъ ругин, рахIмо-цIоб гьабе!
РахIманги РахIимги – Дурго цIарлъидал,
РоцIинабе нижер дунялгин ухра!

---

*[1] Ай, гIахьалчи.**

Динул-Исламалде гIалам ахIизе
Абул Къасим витIе, ЛатIифун Хабир,
Дажалил фитнаби фана гьаризе
РухIулагь веччан те, Халикъун Жабар!

*****

Аллагьас тIамеги АхIмадил ﷺ уммат
Исламияб нухда галаби лъезе,
ГамчIал гьенир райзе къасд гьабуразе
Къадирас гьабеги рекъараб хIукму.

РахIманасул махIбуб – ТIагьал ﷺ шафагIат
ТIалаб гьабуразе камун тогеги,
Камилаб вокьиялъ гьев вокьаразда
Гьоркьор чIезареги ГIарасаталда.

## Дир Аллагь

РахIмогин цIоб гIемерав, гIадло-диван битIарав,
Зулму-хIал гьабуларев ХIаким вуго дир Аллагь.
Дунял-гIалам бижарав, гьелъул тадбир гьабулев,
Тадбир-чагIазулги хан Халикъ вуго дир Аллагь.

Халкъалъе ризкъи кьезе тIаде Жинца босарав,
Шарик жиндие гьечIев Разакъ вуго дир Аллагь.
Зобалазда, ракьазда, ГIаршалдагин Курсалда
Кверщел Жиндир батарав Малик вуго дир Аллагь.

Бакъги, моцIги, цIвабиги фалаказулъ хьвадизе
Низам чIезе гьабурав Къадир вуго дир Аллагь.
Анбияалги ритIун, тIахьалги гьезде рещтIун,
ШараигIал манлъарав ГIалим вуго дир Аллагь.

Адянал насхолъараб Ислам тасдикъ гьабураб
Къуръан ТIагьахъе ﷺ кьурав Карим вуго дир Аллагь.
Кафурзабазе – жужахI, муъминзабазе – Алжан
ХIадур Жинца гьабурав Жаббар вуго дир Аллагь.

Жив цохIо вукIин лъалел, ХIабиб ﷺ тасдикъ гьавулел
ГIусаталги тархъулев РахIим вуго дир Аллагь.
Ихласалда гьабичIеб ширк жобараб гIибадат
Жиндий къабуллъуларев Къуддус вуго дир Аллагь.

Дагьаб гIибадаталъухъ гIемераб ажро кьолев,
ГIаламалда гурхIулев РахIман вуго дир Аллагь.
Динлъун Исламги гьабун, анбияал ритIарав,
Авалгин, ахир гьечIев Гьади вуго дир Аллагь

Анбияазда гъорлъан ХIабиб ﷺ хира гьавурав,
ХIикматазул БетIергьан – ГIазиз вуго дир Аллагь.
Дунял-ахираталъул ханлъун Жив тIаса инчIев,
Ханзабазда тIадги хан – Къаюм вуго дир Аллагь.

Къудрат Жиндир камилав, кавно Жиндий мутIигIав,
Кинабго жо хьихьулев ХIафиз вуго дир Аллагь.

Жиндир загIифав лагъас ихласалда гьаридал
Гьесий жаваб гьабулев Мужиб вуго дир Аллагь.

РекIелъ хIалтIулеб хивал, кIалалъ бицунеб рагIи –
Кинабгоги рагIулев СамигI вуго дир Аллагь.
Зобалазда, ракьалда, ралъадазул тIиналда
ТIолго махлукъ бихьулев Басир вуго дир Аллагь.

Гьарурал мунагьазда ракI бухIун гIодарасе
ГIатIидаб тавбо кьурав Таваб вуго дир Аллагь.
ГьечIелъусанги вижун, инсан чIаго гьавизе
Гьунар, къуват камилав МухIйи вуго дир Аллагь.

Хун хадуса махлукъат тIаде бахъинабулев,
ТIад кIалъайзе чи гьечIев БагIис вуго дир Аллагь.
ТIаде рахъун хадуса халкъалъул гIамал цIалел
ЦIадераби дурусав Мукъсит вуго дир Аллагь.

Алжаналъул агьлоялъ, нигIматазе мукIурлъун,
Рецц жиндие гьабулев Щакур вуго дир Аллагь.
Щукру гьечIого гIумро гIадада тIамурасе
ГIазабалъул рукъ барав Къагьар вуго дир Аллагь.

Дин Ислам тIаса бищун, Расуласул ﷺ нух ккурал
Муъминзаби рокьулев Рауф вуго дир Аллагь.
Дунялалъул магIишат Жинде тIамун тарасе
ТIадеги гIемер кьолев Гъани вуго дир Аллагь.

Дару-л-бакъаъ горелде хивал жиндир буссинчIев
Саликасул мугъ чIвалев Вакил вуго дир Аллагь.
Гьадинав Аллагьасе лагълъи гьабизе щварал,
Щукру гIемераб гьабе, бусурманаб жамагIат.

Жамадатазцин Жиндий даим тасбихI гьабулев
Гьесдаса нилъ гъафуллъи мунагьлъун букIинарищ?
Мунагь-хатIабаздаса тавбоги гьабичIого,
Тефтер чурук гьабуни, гьечIищ нилъеда гIайиб?

ГIайиб тIаде босизе жакъа нафсалъ течIони,
Нафсалъул къуват хвараб къо бачIиндал щибилеб?
Тавбо астагъфируллагь, шукру алхIамдулиллагь
Ла илагьа илла ллагь, МухIамад ﷺ – расулуллагь.

* * * * *

ГIакъиласул рагIи къабул гьабулеб
Къалбун салим кьеги муъминзабазе,
Мунафикъзабаца макро хIалелъул
ХIикмат загьирлъулеб фарасат щваги.

Щибаб реццги хIамдги Дуе, БетIергьан,
Динул Исламалда ниж чIезавурав.
Свалатги саламги дур ХIабибасде ﷺ,
ХIасро-гIададалъул гIорхъи лъалареб.

* * * * *

# ТIЕХЬАЛДА БУГО

ЦеберагIиялъул бакIалда ..........................................3
Дир квер гIунтIулареб гIанбаралъул тIегь ..................9
Загьру-батIну гIадаб тIарикъгун шаригI.....................10
Дун жанив гъанкъараб гъваридаб ралъдал..............12
Дур рахIмат-цIобалъул гIатIилъи лъайдал................15
ХIелун Духъе вачIарав чIваге Дуца дунги нахъ!.......17
Кумек гьабе, дир Аллагь, динул-Ислам бичIчIизе!...20
Расулгун агьлуялда, Аллагь, лъеги Дур салам.........21
КъутIбуясул нуралъ гвангъараб КагIба......................25
АхIи буго Дудехун Дур загIипав гIабдасул.................30
Устарзабазе дугIа кинацаго гьабизин.........................32
Камун тоге, БетIергьан, ТIагьаясул ﷺ муршидал.....34
Чвахизабе, ХIабиб ﷺ, дур файзалъул лъим.............35
КантIизаре, Аллагь, хIакъикъаталде..........................35
ТIолго муъминзабазе диналъе регIел гьабе.............37
Аллагь РрахIман, мун гурхIа......................................37
ТIоритIе я, ХIаким, хIакъаб нухалда!..........................38
ХIажат буго гIафву мунагьаздаса...............................40
Рияъ-сумгIат берцин бихьун......................................42
Гьал гIисинал авладал...............................................43
РачIа, вацал, гьабизин гьанже киназго тавбу...........44

Киназулго рекIел тIегь - ТIагьа ﷺ рази гьавизин.......46
ХIаж-гIумра къабул гьабун, рокъор тIад руссинаре. 48
ШафагIат гьаризе Дур ХIабибасухъ ﷺ......................50
ХIабибасул ﷺ уммат кантIизе гьабе.........................53
Рокьаралгун рахъинаре ниж ГIарасат майданалда....54
ТIагьай ﷺ гIоло нижер хIаж къабул гьабе..................56
Кьеги ножое тавфикъ, тавбоялде къасд ккарал.......62
Аллагьасда цеве чIун щуябго как тIобалев ..............62
ГIилмогин гIамалалда вохун, чIухIиялдаса................64
Гьал факъирал нежеда гурхIа, Аллагь, чIового........65
ХIехьезе сабру кьеги балагь муъминзабазе..............66
Астагъфируллагь, тавбо тIолго мунагьаздаса..........67
Ансарал, мугьажирал – гьардарал, дахIалал нуж....72
Хирияб Къуръан гьечIеб къо тIаде бачIунгеги..........74
ТавхIидалда чIезаре рухI бахъиялда аскIур! ...........74
БетIергьанас цIунаги бацIцIадаб агьлу-суннат ........75
Таваккал Дуде бугел ниж рехун тоге, Аллагь! .........76
Шагьидлъун хваралазул хобал нуралъул цIеги! ......77
Агьлу-тасаввуфалъул тарбият камугеги! .................78
БетIергьанасул хIукму хадуб лъикIаб батаги ...........79
Гьунар гьечIел нежеда чIового тIаса лъугьа! ...........80
Бадриюназе гIадаб, койрбакъи нежей гьабе! ...........81
Аллагь! Дуй рецц гьабизе хIал дида кисса кIолеб ...82

Огь, жагьиллъи, жагьиллъи .......................................86
БацIцIадго динул-Ислам цIунизе тавфикъ кьеги .....87
Къуръаналъе насихIат гьабулеллъун ратани...........89
ЛъикIабщинаб гьабизе къуват гьарзаяб кьеги..........91
Нахъа чIун бугеб хвалил сапар лъияб батаги...........92
РахIманасул цIобал цIадлъун чвахаги.......................94
Исламалъул нух ккойзе камилаб тавфикъ кьеги!.....94
ТIаме факъирал ниж тавбо гьабизе!..........................96
ГIафву гьабун чуре нежер мунагьал..........................98
ЦIуне муъминзаби питнабаздаса! .............................99
Дир Аллагь...............................................................100
ТIехьалда буго ......................................................104

**САГІИД АФАНДИ АЛЬ-ЧИРКАВИ**

# ДУГІАБИ

## СагІид-афандиясул тІухьдуздасан росарал

Литературный редактор, корректор: **Т. Зургалова**

Дизайн и верстка: **М.-А. М. Гаджиев**

ООО «Издательский дом “Нуруль иршад”»
367000, Республика Дагестан, г. Махачкала, ул. Левина, 9
**www.nurulirshad.ru**; e-mail: **info@nurulirshad.ru**

Продукцию Издательского дома «Нуруль иршад» можно заказать в интернет-магазине: www.nurulirshad.ru

# Для заметок